

METROPLUSHEALTH MEMBER HANDBOOK



MANYÈL ENFÒMASYON MANM PARTNERSHIP IN CARE (PIC)

Revize nan mwa oktòb 2023

Manyèl enfòmasyon sa a ap di w fason pou w sèvi ak MetroPlusHealth ou a Partnership in Care plan.

Tanpri mete manyèl referans lan yon kote ou kapab jwenn li lè ou bezwen li.

MEN KI KOTE POU W JWENN ENFÒMASYON OU VLE

BYENVINI.....	1
FASON PLAN BEZWEN ESPESYAL LA MACHE.....	1
FASON POU W UTILIZE MANYÈL ENFÒMASYON SA A.....	4
ÈD KI SOTI NAN SÈVIS MANM YO	4
KAT IDANTIFIKASYON PLAN W LAN.....	5
PATI 1: Premye Bagay Ou Dwe Konnen.....	6
FASON POU W CHWAZI DOKTÈ JENERALIS OU (PCP)	6
SWEN SANTE NÒMAL AK VIH.....	9
SÈVIS BEHAVIORAL HEALTH CARE AND HOME AND COMMUNITY BASED SERVICES (BH HCBS) and COMMUNITY ORIENTED RECOVERY AND EMPOWERMENT (CORE).....	10
FASON POU W JWENN SWEN ESPESYALIS AK REFERANS	11
PRAN SÈVIS SA YO NAN PLAN NOU AN <i>SAN</i> YON Referans	13
Ijans.....	16
Klinik Ijans	17
NOU VLE KENBE W AN SANTE	18
PATI 2: Avantaj ak Pwosedi Plan w lan	19
AVANTAJ	19
SÈVIS PLAN NOU AN KOUVRI.....	19
SWEN SANTE KONPÒTMAN.....	24
SÈVIS BEHAVIORAL HEALTH CARE AND HOME AND COMMUNITY BASED SERVICES (BH HCBS) AK COMMUNITY ORIENTED RECOVERY AND EMPOWERMENT (CORE).....	26
DESKRIPSYON BH HCBS ak SÈVIS COMMUNITY ORIENTED AND RECOVERY (CORE) POU GRANMOUN	28
Sèvis Sante Konpòtman pou timoun.....	30
Avantaj Ou Kapab Jwenn Nan w lan <i>OSWA</i> Avèk Kat Medicaid Ou.....	36
Avantaj ki genyen lè w itilize KAT MEDICAID ou a sèlman.....	37
Sèvis KI PA kouvri.....	38
Si W Resevwa yon Fakti.....	38
Sèvis Otorizasyon:	39
Delè pou demann otorizasyon alavans.....	41
Delè pou demann revizyon an menm tan.....	41
Lòt Desizyon Sou Swen Ou:.....	42
Delè pou lòt desizyon sou swen w:.....	42

Kijan yo peye founisè nou yo	44
Ou Ka Bay Èd Nan Règleman Plan an	44
Enfòmasyon ki soti nan Sèvis Manm	44
Kenbe nou okouran.....	45
ANILASYON ENSKRIPSYON AK TRANSFÈ.....	45
1. Si OU Vle Soti Nan Plan an	45
2. Ou ka vin pa kalifye pou Medicaid Managed Care ak Plan pou Bezwen Espesyal	46
3. Nou Ka Mande pou w Kite MetroPlusHealth Partnership in Care si ou souvan:	46
4. Si ou pèdi Kouvèti Medicaid: Pwogram Swen VIH pou Moun ki pa gen asirans ka anmezi ede ou.....	47
Apèl Plan	47
Apèl Ekstèn.....	51
Odyans San patipri	53
Fason Pou W Depoze Yon Plent	54
Fason pou Pote yon Plent ak plan nou an	55
Sa k ap rive apre sa	55
Apèl plent.....	56
DWA AK RESPONSABLITE MANM YO.....	57
Desizyon Alavans	58
Nimewo telefòn enpòtan.....	60
Sit Entènèt Enpòtan	62

Manyèl Enfòmasyon Pou Plan Bezwen Espesyal pou VIH

Byenveni nan Asirans MetroPlusHealth Partnership in Care Plan Bezwen Espesyal pou VIH

Nou kontan w enskri nan MetroPlusHealth Partnership in Care. MetroPlusHealth Partnership in Care se yon Plan Bezwen Espesyal pou VIH, oswa SNP, ki gen apwobasyon Ministè Sante Eta Nouyòk pou sèvi manm Medicaid k ap viv ak VIH/SIDA yo ansanm ak pitit yo ak granmoun ki pa gen kay pou yo rete. Nou se yon plan swen sante espesyal avèk founisè ki gen anpil eksperyans nan trete moun ki gen VIH/SIDA. Moun ki gen VIH yo ap viv pi lontan, pi an sante, grasa nouvo tretman e ki pi efikas yo. Nou vle pou ou menm ak ekip k ap pran swen w lan kolabore ansanm pou w ka ret pi ansante posib.

Manyèl enfòmasyon sa a ap gide w pou seri konplè sèvis swen sante ou genyen ki disponib pou ou yo. Nou vle asire nou ou byen kòmanse kòm yon nouvo manm nan MetroPlusHealth. Nan lide pou konnen w pi byen, nou pral kontakte w nan de semèn k ap vini yo. Ou ka poze nou kenpòt kesyon ou genyen, oswa jwenn èd pou pran randevou. Si w vle pale avèk nou pi bonè pase sa, annik rele nou nan 800.303.9626. Ou ka ale sou sit entènèt nou an tou ki se www.metroplus.org pou w jwenn plis enfòmasyon sou MetroPlusHealth Partnership in Care.

FASON PLAN BEZWEN ESPESYAL LA MACHE

Plan an, Founisè nou yo, epi Oumenm

Ou ka okouran chanjman yo ki fèt nan swen sante. Anpil kliyan jwenn avantaj pou sante yo pa mwayen swen yo jere, sa ki bay yon kote santral pou swen w nan domèn medikal. Anpil rejyon nan Eta Nouyòk, sa gen ladan l Vil Nouyòk, ofri yon chwa plan swen sante yo jere.

- Antanke yon manm HIV SNP, w ap gen avantaj ki disponib nan Medicaid nòmal ou a, epi ou jwenn swen espesyal ak sipò w bezwen. Ou menm ak ekip swen sante w pral travay ansanm pou asire ou benefisye de pi bon sante fizik ak emosyonèl ki posib. Ou ka jwenn sèvis espesyal pou viv ansante, pa egzanp klas sou nitrisyon ak èd pou sispann fimen. Si w gen VIH, nou ka fè w jwenn lòt sèvis k ap ede w jere maladi VIH ou a.
- **Pitit ou** ka enskri nan plan an tou, kit timoun nan fè VIH, kit li pa fè VIH. Patnè w ki PA gen VIH/SIDA pa ka enskri nan HIV SNP. Timoun ak granmoun ki pa gen kay pou yo rete ka enskri nan plan an tou.
- MetroPlusHealth Partnership in Care gen yon kontra avèk Depatman Sante Eta New York pou reponn ak bezwen swen sante moun ki gen Medicaid. Epi bò kote pa nou, nou chwazi yon gwoup founisè swen sante, pou ede nou satisfè bezwen ou yo. Doktè ak espesyalis, lopital, klinik, laboratwa, responsab dosye ak lòt etablisman swen sante sa yo fòme **rezo founisè** nou

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

an. W ap jwenn yon lis nan repètwa founisè nou an. Si w pa gen yon lis kontak founisè, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 pou w jwenn yon kopi oswa ale sou sit entènèt nou an ki se metroplus.org.

- Lè w enskri nan MetroPlusHealth Partnership in Care, youn nan founisè nou yo pral pran swen w. An jeneral, moun sa a pral **Doktè Jenralis ou (PCP, Primary Care Provider)**. Se sèl founisè ki gen eksperyans nan trete maladi VIH ki ka Doktè Jenralis manm ki gen VIH yo. Ou ka chwazyon espesyalis Sante Mantal oswa espesyalis pou Konsomasyon Dwòg pou PCP w. Si ou bezwen fè yon tès, wè yon lòt espesyalis, oswa ale nan lopital, Founisè Swen Prensipal ou an ap fè aranjman pou sa.
- Founisè Swen Prensipal ou disponib pou ou chak jou, lajounen kou lannwit. Si ou bezwen pale ak li apre lè biwo oswa nan wikenn, kite yon mesaj ak fason yo ka rive jwenn ou. Founisè Swen Prensipal ou an pral tounen kontakte ou byen vit nan mezi sa posib. Menmsi founisè swen prensipal ou se prensipal sous swen w, nan kèk ka, ou ka refere tèt ou a kèk doktè pou kèk sèvis. Pou jwenn plis detay, gade nan paj 13.
- Si w gen VIH, n ap voye w kay doktè ak lopital ki gen anpil eksperyans nan trete VIH/SIDA. W ap ka itilize gwoup founisè sa yo ki nan rezo founisè nou yo:
 - Sant Ki La pou SIDA (Designated AIDS Centers, DAC): Lopital ki gen eksperyans nan trete moun ki gen VIH/SIDA;
 - Sant Swen Espesyalize nan VIH pandan Peryòd Gwosès/Pou Timoun: Founisè ki bay swen konplè pou manman ak pitit yo ki fè VIH;
 - Pwogram Swen De Baz pou HIV: Swen De Baz ak atansyon espesyal pou kenbe w an sante;
 - Tretman pou dwòg ak Swen De Baz: Founisè tretman pou dwòg yo nan menm kote ak sèvis debaz pou VIH; ak
 - Swen nan men yon espesyalis.
- MetroPlusHealth Partnership in Care ofri nouvo pou manm ki kalifye yo, pou ede w jwenn epi rete an sante, epi ede w vin gaya. Sèvis sa yo rele Sèvis Sante Konpòtman yo bay nan kay ak nan Kominote a (Behavioral Health Home and Community Based Services, BHHCBS). BH HCBS ka ede w:
 - Jwenn lojman
 - Viv endepandan
 - Retounen lekòl
 - Jwenn yon travay
 - Jwenn èd nan men moun ki te nan menm sitiyasyon an
 - Jere strès
 - Fè prevansyon pou sitiyasyon kriz

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Four (4) Adult BH HCBS vin tounen Community Oriented Recovery and Empowerment (CORE). Gade nan paj 10 pou rive nan 27 nan Manyèl sa a pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sa yo ak fason w ka jwenn yo.

- Manm MetroPlusHealth Partnership in Care ki kalifye pou sèvis BH HCBS ak CORE yo ap gen yon Responsab Swen pou Lakay yo tou k ap travay ak tout founisè swen sante fizik ak konpòtman w yo pou pote yon atansyon espesyal sou tout bezwen swen sante w. Kowòdonatè Swen Sante Adomisil la pral ede asire ou jwenn, sèvis medikal, sante konpòtmantal ak sosyal ou gendwa bezwen, pa egzanp èd pou w jwenn lojman ak asistans nan manje.
- Ou ka itilize kat Medicaid ou pou w jwenn sèvis swen sante konpòtman ki disponib kounye a atravè MetroPlusHealth Partnership in Care. Pou w kontinye jwenn sèvis sa a, ou dwe fè yon evalyasyon. Sa ap ede nou kreye plan sante w. Pou w konnen si yon sèvis ou gentan ap resevwa disponib nan MetroPlusHealth Partnership in Care, kontakte Sèvis Manm nan 800.303.9626.
- Ou ka jwenn limit pou kèk founisè ki nan rezo a si:
 - w ap resevwa swen nan men plizyè doktè pou menm pwoblèm lan
 - w ap resevwa swen medikal pi souvan pase sa nesèsè
 - ou sèvi avèk medikaman sou preskripsyon nan yon fason ki ka danjere pou sante w
 - ou kite yon moun ki pa oumenm sèvi ak kat ID plan w lan

Konfidansyalite

Nou respekte dwa w pou konfidansyalite. MetroPlusHealth Partnership in Care rekonèt konfyans ki nesèsè ant ou menm, fanmi w, doktè w yo ak lòt founisè swen yo. MetroPlusHealth Partnership in Care p ap janm pataje dosye medikal oswa dosye sante konpòtman w san w pa bay otorizasyon ekri w. Sèl moun k ap gen enfòmasyon klinik ou se ap MetroPlusHealth Partnership in Care, Doktè Jeneralis ou, Kowòdonatè Swen oswa Responsab Swen HIV SNP, Responsab Swen Sante Adomisil ou ak lòt founisè ki ba w swen epi reprezantan otorize w la. Doktè Jeneralis ou a ak/oswa Responsab Swen HIV SNP w la oswa Responsab Swen Sante Adomisil ou a ap toujou pale avè w alavans konsènan referans yo ba w pou founisè sa yo. Anplwaye MetroPlusHealth Partnership in Care yo resevwa fòmasyon pou kenbe konfidansyalite manm yo nan fason serye.

FASON POU W UTILIZE MANYÈL ENFÒMASYON SA A

- Manyèl sa a pral di w fason nouvo plan swen sante w lan pral mache ak fason w ka jwenn tout avantaj ou kapab MetroPlusHealth Partnership in Care. Manyèl sa a se gid ou pou sèvis sante ak byennèt yo. Li di w pa ki etap pou pase pou fè plan an fonksyonnen pou ou.
- Premye kèk paj yo pral di w kisa ou bezwen konnen touswit. Rès manyèl la ka tann jiskaske ou bezwen li. Sèvi avè l kòm referans oswa verifye yon ti pati ladan l detanzantan. Lè w gen yon kesyon, al gade manyèl enfòmasyon an oswa rele Depatman Sèvis Manm nou an nan 800.303.9626. Ou ka rele Liy Èd New York Medicaid Choice la tou nan 800.505.5678.

ÈD KI SOTI NAN SÈVIS MANM YO

Gen yon moun pou ede w nan Sèvis Manm:
Lendi pou rive samdi 8am - 8pm, ak samdi, 9am - 5pm
Rele nou gratis nan: 800.303.9626

Si w gen pwoblèm pou w tande (ou tande di) epi ou ka jwenn yon machin TDD/TTY, tanpri rele nou gratis nan: **711**

Si w gen yon pwoblèm vizyon epi w ta renmen sèvi ak yon manyèl an Bray oswa yon manyèl anrejistre (odyo), rele Sèvis Manm yo.

Si w bezwen èd medikal apre lè biwo, nan wikenn oswa nan jou konje, rele MetroPlusHealth Partnership in Care 24-sou vennkat Liy Kliyantèl gratis la nan **800.442.2560**

Pou Kriz Sante Konpòtman rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an nan 866.728.1885.

- Ou ka rele Sèvis Manm pou jwenn èd **nepòt lè w gen yon kesyon**. Ou ka rele nou pou w chwazi oswa pou w chanje Doktè Jeneralis ou a (*PCP pou pi kout*), pou w mande enfòmasyon sou avantaj ak sèvis yo, pou w jwenn èd sou referans, pou w di w ansent, pou w fè konnen ou fenk akouche oswa pou w mande enfòmasyon sou nepòt chanjman ki ta ka gen sou avantaj ou yo ak pa fanmi w.

Swen Fanmi w

- Si w gen VIH e **ou ansent oswa w vin ansent**, ou menm ak bebe w la ap bezwen swen medikal kou sa posib. Ou ka bay bebe w la VIH la pandan gwosès la, nan akouchman, oswa nan alètman. Li enpòtan pou ou menm, doktè w ak lòt founisè swen yo kolabore ansanm pou w ka gen yon bebe ki an sante. Ou ka amelyore pwòp sante w epi diminye chans pou bebe w la vin trape VIH lè w pran medikaman espesyal pandan w ansent lan. Asire w ou rele nou pou swen pandan gwosès la epi w byen pran swen tèt ou.
- Prèske toutan, pitit ou a ap anrejistre nan MetroPlusHealth Partnership in Care jou l fèt la. Sa ap rive sof si pitit ou a nan yon gwoup ki pa ka enskri nan swen yo jere. Ou dwe rele nou

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

tousuit si w vin ansent kite nou ede w chwazi yon doktè pou tibebe a anvan l fèt.

- **Pitit ou** ka enskri nan plan an tou, kit timoun nan fè VIH, kit li pa fè VIH. Patnè w ki PA gen VIH/SIDA ka enskri nan HIV SNP sèlman si yo pa gen kote pou yo rete.
- Nou ofri **seyans gratis** pou eksplike plan sante nou an ak fason nou ka ede w pi byen. Se yon moman ideyal pou w poze kesyon ak pou rankontre lòt manm. Si w ta renmen vini nan youn nan seyans yo, rele nou pou w jwenn yon lè ak yon kote ki pi bon pou ou.
- **Si ou pa pale Anglè**, nou ka ede w. Nou vle ou konnen kijan pou sèvi ak plan swen sante w lan, kèlkanswa lang ou pale. Annik rele nou epi n ap jwenn yon fason pou pale ak ou nan pwòp lang pa w. Nou gen yon gwoup moun ki ka ede. Nou pral ede w jwenn yon PCP (Founisè Swen Prensipal) tou ki ka pale ak ou nan lang pa w.
- **Pou moun ki gen andikap:** Si w sèvi ak chèz woulant, oswa w avèg, osinon ou gen pwoblèm pou tande oswa pou konprann, rele nou si w bezwen èd anplis. Nou ka fè w konnen si biwo yon founisè prezizeman gen aksè pou chèz woulant oswa si li ekipe ak aparèy espesyal pou kominike. Epitou nou gen sèvis tankou:
 - Machin TTY/TDD (nimewo telefòn TTY nou an se 711).
 - Enfòmasyon an gwo lèt
 - Jesyon Dosye
 - Èd pou pran oswa pou jwenn randevou yo
 - Non ak adrès founisè ki espesyalize nan andikap ou an
- **Si w ap resevwa swen adomisil kounye a**, nès ou oswa gad malad ou a gendwa pa konnen si ou te antre nan plan nou an. **Rele nou touswit** pou asire swen adomisil ou yo pa kanpe sanzatann.

KAT IDANTIFIKASYON PLAN W LAN

Aprè ou fin enskri, n ap voye yon **Lèt Byenveni** pou ou. Kat ID MetroPlusHealth ou an ta dwe rive nan espas 14 jou aprè dat enskripsyon w lan. Kat ou an gen sou li non ak nimewo telefòn PCP w lan (Founisè Swen Prensipal la). L ap genyen tou Nimewo Idantifikasyon Kliyan w lan (CIN, Client Identification Number). Si gen nenpòt bagay ki pa bon sou kat ID MetroPlusHealth ou a, rele nou tousuit. Kat ID w la pa montre ou gen VIH oswa SIDA, Medicaid oswa MetroPlusHealth Partnership in Care se yon plan sante espesyal.

Mache ak kat ID w sou ou toutan epi prezante li chak fwa w al pran swen. Si w bezwen swen anvan kat la vini, Lèt Byenveni w lan se prè ou se yon manm MetroPlusHealth Partnership in Care. Ou dwe kenbe kat benefis Medicaid ou tou. W ap bezwen kat Medicaid ou pou w jwenn sèvis MetroPlusHealth Partnership in Care pa kouvri.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

PATI 1: Premye Bagay Ou Dwe Konnen

FASON POU W CHWAZI DOKTÈ JENERALIS OU (PCP)

- Pètèt ou gentan chwazi PCP ou deja (Founisè Swen Prensipal). **Si ou pa te chwazi yon PCP pou wou ak fanmi w, ou dwe fè sa touswit.** Si ou pa chwazi yon doktè nan lesplas 30 jou, nou pral chwazi youn pou ou. Chak manm fanmi an ka genyen yon PCP diferan, oswa ou ka chwazi yon PCP pou pran swen tout fanmi an. Si w gen VIH, se yon Espesyalis VIH k ap doktè jeneralis ou. Ou ka chwazi resevwa sèvis nan men yon doktè jeneralis pa mwayen yon klinik sante konpòtman tou. Sèvis Kliyan (800.303.9626) ka verifye pou wè si w gen yon PCP deja oswa li ka ede w chwazi yon PCP.
- Ou ka ale nan Anyè Founisè w la sou entènèt nan www.metroplus.org. Dokiman kontak la gen lis tout doktè, klinik, lopital, laboratwa, ak lòt moun ki travay avèk MetroPlusHealth Partnership in Care. Li site adrès, telefòn ak fòmasyon espesyal doktè yo. Anyè founisè a pral montre ki doktè ak founisè k ap pran nouvo pasyan. Ou ta dwe rele biwo yo pou asire w y ap pran nouvo pasyan nan lè ou chwazi yon PCP. Ou ka mande yon kopi dokiman kontak la pou rejyon w ap viv la oswa pou rejyon ou vle wè yon founisè sou sit entènèt MetroPlusHealth Partnership in Care la ki se **metroplus.org** oswa si w rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

Ou ka vle jwenn yon doktè:

- ke ou te wè anvansa,
 - ki konprann pwoblèm sante ou yo,
 - ki ap pran pasyan nouvo,
 - ki ka pale ak ou nan lang pa ou,
 - ki fasil pou w ale kote li,
 - ki nan yon klinik w ale ladan.
- Fi ka chwazi yonn nan doktè OB/GYN nou yo tou pou swen sante fanm.
 - Nou gen kontra tou ak plizyè Sant Sante Kalifye sou Plan Federal (FQHC, Federally Qualified Health Centers). Tout FQHC yo bay swen primè ak swen espesyalize. Sèten kliyan vle pran swen yo nan FQHC yo paske sant yo gen yon istwa nan katye a pandan lontan. Pètèt ou vle eseye yo paske li fasil pou w ale nan yo. Ou dwe konnen ke ou gen yon chwa. Ou ka chwazi yonn nan founisè nou yo. Oswa enskri kay yon doktè jeneralis nan youn nan FQHC ki travay avèk nou, ki nan lis ki pi ba a. Jis Rele Sèvis Manm nan (800.303.9626) pou w jwenn èd.

Ou ka jwenn yon lis FQHC ki disponib yo nan dokiman kontak founisè w la nan paj 19-23.

- An jeneral, doktè w yo pral founisè MetroPlusHealth Partnership in Care. Gen kat ka kote ou **ka wè kanmenm yon lòt founisè ou te genyen anvan w antre nan MetroPlusHealth Partnership in Care.** Nan ka sa yo, founisè w la dwe dakò kolabore avèk MetroPlusHealth Partnership in Care. Ou ka kontinye wè founisè w lan si:

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Ou gen plis pase 3 mwa ansent lè w antre nan MetroPlusHealth Partnership in Care epi w ap resevwa swen anvan akouchman. Nan ka sa, ou kapab kenbe doktè w lan jis apre w fin akouche jis rive lè w ap pran swen apre akouchman.
 - Nan moman ou antre nan MetroPlusHealth Partnership in Care, ou gen yon maladi oswa yon pwoblèm ki menase lavi w ki vin pi grav toutotan tan an ap pase. Nan ka sa, ou kapab mande konsève founisè w la pou jiska 60 jou.
 - Nan moman ou antre nan MetroPlusHealth Partnership in Care, y ap trete w pou yon pwoblèm sante konpòtman. Nan pifò ka yo ou ka toujou ale lakay menm founisè a. Gen moun ki ka oblije chwazi yon founisè ki travay avèk plan sante a. Li enpòtan pou pale ak founisè w la sou chanjman sa a. MetroPlusHealth Partnership in Care pral travay avè w ansanm avèk founisè w pou asire l ou resevwa swen ou bezwen an.
 - Nan moman ou antre nan MetroPlusHealth Partnership in Care, Medicaid nòmal te peye pou swen adomisil ou, epi ou bezwen kontinye resevwa swen sa pou omwen 120 jou. Nan ka sa, ou ka konsève menm ajans swen adomisil la, enfimyè oswa gad malad ou a, e menm kantite swen adomisil la, pou omwen 90 jou. MetroPlusHealth Partnership in Care dwe fè w konnen nenpòt chanjman nan swen adomisil ou yo anvan chanjman yo aplike.
- **Si w gen yon lòt maladi ki dire lontan** met sou VIH/SIDA, Doktè Jeneralis espesyalis VIH ak responsab swen w lan ap kolabore ak lòt espesyalis yo pou yo jere swen w.
 - Si ou bezwen fè sa, ou ka **chanje PCP w lan** nan 30 premye jou yo apre premye randevou w ak PCP w lan. Apre sa, ou ka chanje li yon fwa chak sis mwa san motif, oswa pi souvan si ou gen yon bon rezon. Ou ka chanje tou OB/GYN ou an oswa yon espesyalis kote PCP w lan te refere w.
 - **Si founisè w la kite** MetroPlusHealth Partnership in Care, n ap fè w konnen sa nan espas 5 jou k ap kòmanse konte lè nou konn sa. Si ou vle, ou ka anmezi wè founisè sa **si** ou gen plis pase twa mwa ansent oswa si w ap resevwa tretman san rete pou yon pwoblèm. Si w ansent, ou ka kontinye wè doktè w jouk rive nan fen swen apre akouchman. Si w ap wè yon doktè regilyèman pou yon pwoblèm medikal espesyal, ou ka kontinye tretman w ap fè nan moman an pou jiska 90 jou. Doktè w dwe dakò travay ak MetroPlusHealth Partnership in Care pandan peryòd sa a. Si kenpòt nan kondisyon sa yo konsène w, verifiye ak PCP w lan oswa rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

SWEN AK NEGOSYASYON ANT ASIRANS YO

Swen ak negosyasyon pou asirans lan se yon opsyon espesyal ki disponib pou TOUT manm HIV SNP yo. MetroPlusHealth Partnership in Care responsab pou l bay epi sèvis asirans Medicaid ou yo. Nou responsab tou pou nou negosye sèvis ki pa fèt dirèkteman ak MetroPlusHealth Partnership in Care. Sa gen ladan l sèvis tankou:

- Sèvis lojman

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Sèvis pou Sipò
- Jesyon dosye nan kominote a

JESYON SWEN SANTE ADOMISIL

MetroPlusHealth Partnership in Care responsab pou l bay ak negosyee sèvis swen sante fizik ak sante konpòtman w yo. Nou itilize Health Homes pou negosye sèvis pou manm nou yo ki kalifye. Se chwa pa w si w vle antre nan yon Health Home, epi nou ankouraje pou w enskri nan yon Health Home pou Jesyon Swen ou yo.

MetroPlusHealth Partnership in Care ka ede w enskri ak yon Health Home ki pral bay Yon Responsab Swen Sante Adomisil pou ou. Kowòdonatè Swen Sante Adomisil ou an ka ede w pran randevou, li ka ede ou jwenn sèvis sosyal, ak swiv pwogrè w ap fè.

Mezon Sante w lan responsab pou ban nou yon evalyasyon pou wè ki Sèvis Sante Konpòtmantal ou ka bezwen Adomisil ak nan Kominote. Oumenm ak Kowòdonatè Swen Sante Adomisil ou an pral sèvi ak evalyasyon an pou travay ansanm pou fè yon Plan Swen ki fèt pou ou espesyalman.

Ou pa bezwen Evalyasyon pou Kalifikasyon Eta Nouyòk la pou w pran Sèvis Oriented Recovery and Empowerment (CORE) yo. Ou ka pran yon sèvis CORE si yon Espesyalis Lisansye Pratik Gerizon Licensed Practitioner of the Healing Arts (LPHA) rekòmande l pou ou. Founisè kalifye a ap bezwen gen konvèsasyon konsènan dyagnostik ak bezwen yo avan li fè youn oswa plis rekòmandasyon pou yon sèvis CORE pou reponn ak bezwen ak objektif ou.

Manadjè Swen sante adomisil ou ka:

- Kolabore ak PCP w la ak lòt founisè pou jere tout swen sante w yo;
- Travay ak moun ou fè konfyans, tankou manm fanmi ouwa zanmi, pou ede w planifye ak jwenn swen;
- Bay sipò pou jwenn sèvis sosyal, tankou SNAP (koupon pou manje) ak lòt avantaj sèvis sosyal;
- Devlope yon plan swen avèk ou pou ede idantifye bezwen ak objektif ou yo;
- Fè yon evalyasyon pou w konn sa w bezwen nan domèn sosyal ou yo;
- Ede pou randevou ak PCP w lan e lòt founisè;
- Ede jere pwoblèm medikal kontinyèl tankou dyabèt, opresyon ak tansyon wo;
- Ede w jwenn sèvis pou ede w pèdi pwa, manje ansante, fè egzèsis ak sispann fimen;
- Ba w sipò pandan tretman;
- Idantifye resous ou bezwen ki chita nan kominote w lan;
- Ede w jwenn lojman stab oubyen ede w aplike pou yo;
- Ede ou tounen lakay ou san danje apre yon sejou lopital; ak
- Asire ou jwenn swen swivi, medikaman ak lòt sèvis ki nesèsè.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Kowòdonatè Swen Sante Adomisil ou an pral kontakte w touswit pou konnen ki swen ou bezwen epi ede w pou randevou yo. Responsab Swen sante adomisil ou oswa yon moun nan founisè swen sante adomisil ou disponib pou ou 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt. Kontakte Sèvis Manm nan 800.303.9626. Si w bezwen pale ak yon moun lè biwo a fèmen, nan jou dimanch, oswa pandan konje, rele 855.371.9228. Si w nan kriz, rele 866.728.1885.

SWEN SANTE NÒMAL AK VIH

- Swen sante w yo pral gen ladan tchekòp regilye pou tout bezwen swen sante ou yo. Si w gen VIH, doktè w ka preskri w medikaman pou ede w kontwòle VIH la ak lòt tretman yo pou w ka santi w byen. Nou ede nan chwazi pi bon medikaman pou tretman e nou bay konsèy sou lè w bezwen chanje kèk medikaman. Nou bay referans nan lopital oswa kay espesyalis. Nou vle pou nouvo manm yo wè Doktè Jeneralis pou yon premye vizit medikal tousuit apre yo enskri nan MetroPlusHealth Partnership in Care. Sa ap ba w yon chans pou pale ak Founisè Swen Prensipal ou osijè anyen pwoblèm sante, medikaman w ap pran, epi tout kesyon ou genyen.

Lajounen kou lannwit, sèl sa ou dwe fè se rele PCP ou nan telefòn. Asire ou rele PCP w lan kenpòt lè ou gen yon kesyon oubyen pwoblèm medikal. Si ou rele apre lè biwo oswa nan wikenn, kite yon mesaj ak kikote oswa kijan yo ka rive jwenn ou. PCP w lan ap tounen rele w byen vit nan mezi ki posib. Sonje byen, PCP w lan konnen w epi li konnen kijan plan sante a mache.

- Ou ka rele MetroPlusHealth Partnership in Care nan 800.303.9626, si w gen kesyon konsènan fason pou w jwenn sèvis oswa si gen yon rezon ki fè w pa ka jwenn Doktè Jeneralis pi a. Si w bezwen èd medikal apre lè biwo, nan wikenn oswa nan jou konje, rele MetroPlus Partnership in Care 24-sou vennkat Liy Kliyantèl gratis la nan **800.442.2560 Pou Kriz Sante Konpòtman rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an nan 866.728.1885.**
- Swen w yo dwe **nesesè pou sante w** -- sèvis ou resevwa yo, yo dwe nesèsè:
 - pou prevni, oswa pou fè dyagnostik ak korije sa ki ta ka lakòz plis soufrans, oswa
 - pou jere yon danje pou lavi w, oswa
 - pou fè fas ak yon pwoblèm ki ta ka lakòz maladi, oswa
 - pou fè fas ak yon bagay ki ta ka mete limit nan aktivite nòmal ou yo.
- PCP w la pral jere pifò bezwen swen sante w. Ou dwe pran yon randevou pou wè PCP w la. Si jamè ou pa ka la nan yon randevou, rele PCP w la pou fè l konn sa.
- Sito ou chwazi yon PCP, rele pou pran yon premye randevou. Si ou kapab, prepare pou premye randevou w lan. PCP w lan pral bezwen konnen tout sa ou ka di li sou istwa medikal ou. Fè yon lis sou istwa medikal ou, tout pwoblèm ou gen kounye a, kenpòt medikaman w ap pran, ak kesyon ou vle poze PCP w lan. Nan pifò ka, pwemye vizit ou ta dwe nan lespas kat semèn apre ou fin antre nan plan an. Si w gen bezwen tretman nan semèn k ap vini yo, pran premye randevou w la nan premye semèn ou enskri nan MetroPlusHealth Partnership in Care la. Si w

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

gen youn, Kowòdonatè Swen Sante Adomisil ou a ka ede w pran ak prepare w pou premye randevou w la.

- **Si w bezwen swen anvan premye randevou a**, rele biwo PCP w lan pou eksplike pwoblèm ou an. Li pral ba w yon randevou pi bonè pou pwoblèm lan. (Ou dwe kenbe premye randevou w lan kanmenm pou pale sou istwa medikal ou ak poze kesyon.)
- Sèvi ak lis annapre la a kòm yon gid pou tan ki pi long ou ka oblije tann apre ou fin mande yon randevou. Kowòdonatè Swen w lan ka ede w tou pou w pran ak jwenn randevou:
 - swen ijan: nan espas 24 èdtan
 - vizit maladi ki pa ijan: nan lespas 3 jou
 - swen òdinè, prevantif: nan lespas 4 semèn
 - pwemye vizit anvan akouchman: nan espas 3 semèn pandan 1ye trimès (2 semèn pandan 2yèm, 1 semèn pandan 3yèm)
 - premye konsiltasyon ti bebe ki fenk fèt: nan espas 48 semèn apre w kite lopital la
 - premye planifikasyon vizit fanmi: nan entèval 2 semèn
 - konsiltasyon jeneral pou timoun: 4 semèn
 - vizit swiv apre vizit ER sante mantal/itilizasyon sibstans oswa pasyan ki entène: 5 jou
 - vizit espesyalis pou pwoblèm sante mantal oswa konsomasyon dwòg ki pa ijan: nan espas 1 semèn.
 - referans granmoun ak woutin fizik: nan entèval 4 semèn
- Lè w enskri, ekip MetroPlusHealth Partnership in Care la ap travay avè w pou l ka wè ki sèvis ou ka bezwen oswa vle, sa gen ladan l jesyon dosye w. Ekip MetroPlusHealth Partnership in Care la ap ede w jwenn yon founisè jesyon swen pou ou e l ap ede w fè premye kontak yo. Kou w gen yon responsab pou dosye w la, n ap travay ansanm avè l pou l jere swen w ak sèvis ou bezwen. Si w gentan gen responsab pou dosye w la, n ap travay ansanm avè l pou l jere swen w ak sèvis ou bezwen.

SÈVIS BEHAVIORAL HEALTH CARE AND HOME AND COMMUNITY BASED SERVICES (BH HCBS) and COMMUNITY ORIENTED RECOVERY AND EMPOWERMENT (CORE)

Swen sante konpòtmantal gen ladan sèvis tretman pou sante mantal ak itilizasyon sibstans. Ou gen aksè nan sèvis ki ka ede w pou sante emosyonèl. Ou kapab jwenn èd tou pou pwoblèm itilizasyon alkòl oswa lòt dwòg.

Si w bezwen èd pou w sipòte vi w ap mennen lakay ou oswa nan kominote a, MetroPlusHealth Partnership in Care bay lòt sèvis yo rele sèvis Behavioral Health Home and Community Based Services (BH HCBS) and Community Oriented Recovery and Empowerment (CORE) yo. Piske sèvis CORE yo pi fasil pou w jwenn pase BH HCBS yo, Eta Nouyòk chanje sèvis sa yo pou yo vin tounen BH HCBS.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Sèvis sa yo ka ede w pou w pa oblije entènen lopital la, pou w viv nan kominote. Gen kèk sèvis ki ka ede w rive nan objektif lavi w pou travay, lekòl oswa pou lòt domèn nan lavi w ke ou ta renmen travay sou yo. Pou w kalifye pou sèvis BH HCBS yo, w ap gen pou sibi yon evalyasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nou nan 800.303.9626 oswa mande Kowòdonatè Swen w enfòmasyon sou sèvis sa yo.

Kat (4) BH HCBS Adilt ki vin tounen sèvis CORE ap ede w amelyore aksè w ak sèvis yo epi itilize eksperyans espesyalis medikal ak reyadaptasyon yo pou yo sipòte kalifikasyon ak pwosesis entegrasyon an. Ou ka resevwa sèvis CORE si yon Espesyalis Lisansye nan Pratik Gerizon (Licensed Practitioner of the Healing Arts, LPHA) fè rekòmandasyon pou sa. Sèvis sa yo ka ede w atenn objektif pèsonèl ak sante w lè w gen yon bezwen nan domèn sante mantal ak/oswa depandans.

Kat nouvo sèvis CORE yo se:

Reyadaptasyon Sikolojik ak Sosyal (PSR)

Sèvis sa a ede ak konpetans nan lavi a, tankou:

- kreye lyen ak moun nan sosyete a,
- jwenn oswa kenbe yon travay,
- kòmanse oswa retounen lekòl, ak
- sèvi ak resous nan kominote a.

Tretman ak Sipò nan Domèn Sikyatri nan Kominote a (CPST)

Sèvis sa ede w jere sentom atravè konsèy ak tretman klinik.

Sèvis Pou Bay Kapasite Pou Moun nan Endepandan – Sipò Kamarad

Sèvis sa konekte w avèk espesyalis eksperimante ki pase maladi sa yo e ki retabli W ap Jwenn sipò ak asistans e aprann kòman pou:

- ou endepandan e viv avèk pwoblèm sante,
- ede w pran desizyon sou pwòp retablisman w, epi
- jwenn resous ak sipò natirèl.

Fòmasyon ak sipò pou fanmi (FST)

Sèvis sa a bay fanmi w ak zanmi w enfòmasyon ak konpetans pou ede w ak sipòte w.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nou nan 800.303.9626 oswa mande Kowòdonatè Swen w enfòmasyon sou sèvis sa yo. Gade nan paj 31 nan Manyèl enfòmasyon sa a w pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sa yo ak fason ou ka jwenn yo.

FASON POU W JWENN SWEN ESPEYALIS AK REFERANS

- Si w bezwen swen PCP w lan paka bay, l ap REFERE w bay yon espesyalis ki ka bay swen yo. Si PCP w la refere w yon lòt doktè, n ap peye pou swen w lan. Pifò nan espesyalis sa yo se

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

founisè MetroPlusHealth Partnership yo ye. Pale ak PCP w lan pou asire ou konnen kijan referans yo fonksyone.

- Si w panse espesyalis la pa satisfè bezwen ou yo, pale ak PCP w lan. PCP w la ka ede w si w bezwen wè yon lòt espesyalis.
- Gen kèk tretman ak sèvis PCP w lan dwe mande MetroPlusHealth Partnership in Care apwouve *anvan* pou w resevwa yo. PCP w la pral kapab di w kisa yo ye.
- Si w gen pwoblèm pou jwenn yon referans ou panse w bezwen, kontakte Sèvis Kliyan nan 1-800-303-9626.
- Si nou pa gen yon espesyalis nan rezo founisè nou yo ki ka ba w swen ou bezwen yo, nou pral fè ou jwenn swen ou bezwen yo nan men yon espesyalis andeyò plan nou an. Yo rele sa **referans an deyò rezo a**. PCP w la oswa founisè w plan an dwe mande MetroPlusHealth Partnership in Care apwobasyon *anvan* pou w jwenn yon referans ki pa nan rezo a. Si PCP w lan oswa founisè w nan plan an refere w ba yon founisè ki pa nan rezo nou an, ou pa responsab ankenn nan depans yo aleksepsyon kenpòt kopeman jan li dekri nan manyèl sa a.
 - Pafwa nou gendwa pa apwouve yon referans ki pa nan rezo a paske nou gen yon founisè nan MetroPlusHealth Partnership in Care ki ka trete w. Si ou panse founisè plan nou an pa gen yon bon fòmasyon oswa eksperyans pou trete w, ou ka mande nou verifye si referans andeyò rezo w lan nesèsè sou plan medikal. Ou pral bezwen mande yon **Apèl Plan**. Gade nan Paj 50 pou w wè kijan.
 - Pafwa, nou gendwa pa apwouve yon referans ki pa nan rezo a pou yon tretman presi paske ou te mande swen ki pa fin diferan ak sa ou ka jwenn nan men founisè MetroPlusHealth Partnership in Care la. Ou ka mande nou verifye si referans andeyò rezo w lan pou tretman ou vle a nesèsè sou plan medikal. Ou pral bezwen mande yon **apèl plan**. Gade nan Paj 50 pou w wè kijan.
- Si w bezwen wè yon espesyalis pou swen toutan, PCP w lan gen dwa anmezi refere w pou yon kantite vizit oswa yon kantite tan byen presi (yon **referans pèmanan**). Si w gen yon referans pèmanan, ou pap bezwen yon nouvo referans chak fwa ou bezwen swen.
- *Si ou gen yon maladi sou yon bon bout tan oswa yon maladi ki rann ou enfim kap vin pi mal,* PCP w lan gendwa anmezi fè aranjman pou:
 - espesyalis ou an aji kòm PCP ou;
 - yon referans nan yon klinik ki espesyalize nan tretman maladi w la.

PRAN SÈVIS SA YO NAN PLAN NOU AN SAN YON Referans

Swen Sante pou Fi

Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w lan pou wè youn nan founisè nou yo SI:

- ou ansent, oswa
- ou bezwen sèvis OB/GYN, oswa
- ou bezwen sèvis planin familyal, oswa
- ou vle wè yon fanmsaj, oswa
- ou bezwen fè yon egzamen tete oswa basen.

Planin Familyal

- Ou ka jwenn planifikasyon sèvis fanmi sa yo: konsèy sou planin, preskripsyon planin, prezèvatif gason ak fi, tè s gwoès, esterilizasyon, oswa avòtman. Pandan vizit ou pou bagay sa yo, ou ka jwenn tè tou pou enfeksyon seksyèlman transmisib, yon egzamen pou kansè nan tete oswa yon egzamen jinekolojik.
- *Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w pou w jwenn sèvis sa yo.* Anfèt, ou ka chwazi ki kote pou w jwenn sèvis sa yo. Ou ka sèvi ak **kat ID MetroPlusHealth Partnership in Care** ou a pou konsilte youn nan founisè planin familyal nou yo. Verifye nan Anyè Founisè plan an oswa rele Sèvis Manm pou resevwa èd pou jwenn yon founisè.
- Oswa ou ka itilize **Kat Medicaid** ou si w vle ale lakay yon doktè oswa nan yon klinik ki pa nan plan nou an. Mande PCP w lan oswa Sèvis Manm nan 800.303.9626 pou yon lis kote ou ka ale pou jwenn sèvis sa yo. Ou ka rele tou Liy Dirèk Growing Up Healthy nan Eta Nouyòk la nan 800.522.5006 pou w jwenn non founisè planin familyal ki toupre w.

Depistaj VIH ak STI

Tout moun dwe konnen eta yo parapò VIH. Depistaj VIH ak enfeksyon seksyèlman transmisib yo fè pati swen sante nòmal ou.

- Ou ka jwenn yon tè pou VIH oswa STI kenpòt lè ou fè yon vizit nan kabinè oswa klinik.
- Ou ka jwenn yon tè pou VIH oswa STI kenpòt lè w pran sèvis planin familyal. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP (Founisè Swen Prensipal) ou. Annik pran yon randevou avèk nenpòt founisè planin familyal. Si w vle yon tè sida (VIH) oswa maladi moun pran nan fè sèks (STI), PCP w la ka ba fè l pou ou oswa fè aranjman pou w fè l.
- Oswa, si w ta pito pa konsilte youn nan founisè MetroPlusHealth Partnership in Care nou yo, ou ka sèvi ak kat Medicaid ou a pou w wè yon founisè planin familyal ki pa

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

nan rezo MetroPlusHealth Partnership in Care la. Pou ede w jwenn swa yon founisè Plan an oswa yon founisè Medicaid pou sèvis planin familyal, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

- Tout moun dwe pale ak doktè yo konsènan fè yon tès pou VIH. Pou w fè tès VIH gratis oswa tès kote ou pa bay non w, rele 800.541.AIDS (Anglè) oswa 800.233.SIDA (Espanyòl).

Gen nan tès yo ki "tès rapid" epi rezilta yo pare pandan w ap tann. Founisè ki ba ou tès la pral eksplike rezilta yo, epi fè aranjman pou w swiv pou swen si sa nesèsè. Ou pral aprann tou kijan pou w pwoteje patnè ou. Si tès ou an negatif, nou ka ede w aprann pou sa pa chanje.

Tès VIH

- Ou ka fè Tès VIH nan kad swen medikal nòmal. Founisè w la ka fè yon tès pou VIH pou ou oswa ba w yon preskripsyon pou yon tès nenpòt lè w al nan biwo oswa klinik pou yon vizit ki pa ijan.
- Ou ka al nan yon lokal yo fè tès nan kominote a. Pou w jwenn enfòmasyon, rele liy dirèk pou VIH Eta Nouyòk la nan 800.872.2777 oswa 800.541.AIDS (2437). Pou Espanyòl 800.233.SIDA (7432) ak TDD 800.369.AIDS (2437).
- Ou ka fè yon tès pou VIH nenpòt lè w pran sèvis planin familyal. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP (Founisè Swen Prensipal) ou. Annik pran yon randevou avèk nenpòt founisè planin familyal. Si w vle yon tès VIH ak konsèy men *se pa nan kad sèvis planin familyal la*, PCP w la ka bay sèvis la oswa fè aranjman pou w fè l.
- Oswa, si w ta pito pa konsilte youn nan founisè MetroPlusHealth Partnership in Care nou yo, ou ka sèvi ak kat Medicaid ou a pou w wè yon founisè planin familyal ki pa nan rezo MetroPlusHealth Partnership in Care la. Pou ede w jwenn swa yon founisè Plan an oswa yon founisè Medicaid pou sèvis planin familyal, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

Si w bezwen yon tretman pou VIH aprè sèvis tès la, PCP w la ap ede w jwenn swen pou w fè suivi. Si tès ou an negatif, nou ka ede w aprann pou sa pa chanje.

Mesaj pou Patnè

Si w gen VIH, Pwogram Èd PartNer (Partner Assistance Program, PNAP) a ka ede w jwenn pi bon fason pou w fè patnè w konnen li dwe fè yon tès VIH. Konsesye PNAP w la ap ede w deside ki fason pou w di patnè w yo sa a ki pi non e ki reprezante mwens danje pou ou. Si lè w di patnè w sa a l ap gen gwo enpak sou sante w oswa sekirite w oswa yon moun ki pwòch ou, pale ak konseye PNAP w la konsènan chwa w yo. Pou w aprann plis konsènan PNAP, mande Responsab Dosye w la oswa rele 800.541.AIDS (2437), owa nan Vil Nouyòk, 212.693.1419. Si patnè w la kontrarye oswa fache, rele Liy Dirèk pou Vyolans nan Fwaye a nan 800.842.6906.

Sèvis Prevansyon VIH

Gen anpil sèvis prevansyon VIH aladispozisyon w. Nou pral pale avèk ou sou nenpòt aktivite ki ta ka mete oumenm oswa lòt moun nan risk pou transmèt VIH oswa pran maladi transmisib seksyèlman. Nou ka ede w aprann kijan pou pwoteje tèt ou. Ni MetroPlusHealth Partnership in Care staff, ni referans nan gwoup nan kominote a ap ede w ak aktivite pou w kenbe ni ou menm, ni moun ou renmen an sante. Nou ka ede w jwenn kapòt pou gason ak pou fi gratis tou ansanm ak sereng ki pwòp. Si w pozitif pou VIH, nou ka ede w pale ak patnè w yo sou sitiyasyon VIH ou a (gade Pwogram Èd PartNer a ki pi wo a). Nou ka ede w pale ak fanmi ou ak zanmi epi ede yo konprann VIH ak SIDA ak kijan pou jwenn tretman. Si w bezwen èd pou pale sou kondisyon VIH ou a ak patnè gen pou w genyen yo, MetroPlusHealth Partnership in Care ap ede w. Nou ka menm ede w pale ak timoun ou sou VIH.

Swen Je

Sèvis ki kouvri an gen ladan l sèvis ki nesese kay yon doktè je, optometris, ak yon espesyalis konsiltasyon nan je epi li gen ladan yon egzamen je ak yon linèt, chak dezan, oswa si sa nesese pou sante w. Manm ki gen dyagnostik dyabèt ka refere pwòp tèt yo pou yon egzamen pou dilate je (retin) yon fwa nan yon kenpòt peryòd 12 mwa. Annik chwazi youn nan founisè ki kolabore ak nou yo.

Anjeneral, yo founi chak dezan nouvo linèt, avèk monti ke Medicaid apwouve.

Yo ka preskri w linèt lè koreksyon oswa vizyon an chanje omwen .50 dyoptri. Si w chwazi itilize pwòp monti w olye w chwazi yon monti Medicaid apwouve, nou p ap kouvri depans pou monti w la. Ou ka kòmande nouvo linèt ou yo pi souvan, si, pa egzanp, vizyon w chanje rapid akòz yon maladi katarat, oswa myopi w la vin pi grav. Si ou kraze linèt ou, ou ka fè repare l. Linèt ki pèdi oswa linèt kraze ki paka repare, y ap ranplase yo ak menm preskripsyon an e menm estil monti. Si ou bezwen wè yon espesyalis pou zye pou swen pou yon maladi zye oswa defòmasyon, PCP w pral refere ou.

Sante Konpòtmantal (Sante Mantal ak Itilizasyon Sibstans)

Nou vle ede ou jwenn sèvis ou gendwa bezwen pou sante mantal ak pou pwoblèm itilizasyon sibstans.

Si kenpòt lè oupanse ou bezwen èd pou sante mantal oswa itilizasyon sibstans, ou ka wè nenpòt founisè sante konpòtmantal ki asepte Medicaid pou wè ki sèvis ou gendwa bezwen. Sa a gen ladan sèvis tankou klinik ak sèvis dezentoksikasyon. **Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w.**

Sispann Fimen

Ou ka jwenn medikaman, founiti, ak konsèy si ou vle èd pou kite fimen. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w pou w jwenn sèvis sa yo.

Depistaj Depresyon Kay Manman

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Si w ansent epi ou panse ou bezwen èd pou depresyon, ou ka jwenn yon depistaj pou wè ki sèvis ou gendwa bezwen. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w. Ou ka jwenn yon depistaj pou depresyon pandan gwosès ak pou jiska yon ane apre akouchman.

Ijans

Y ap toujou kouvri pou ou pou ijans. Nan Eta New York, yon ijans vle di yon pwoblèm medikal oswa pwoblèm konpòtman:

- ki vini toudenkou, epi
- ki gen doulè oswa lòt sentòm.

Yon ijans ta fè yon moun ki gen yon konesans mwayèn nan sante vin pè ke yon moun pral souffri domaj grav nan pati nan kò oswa nan fonksyon kò oubyen defigire nan fason grav si li pa jwenn swen touswit.

Sèvis swen ijans yo se pwosedi, tretman oswa sèvis ki nesèsè pou evalye oswa stabilize yon Maladi ki Ijan sa gen ladan l pran kontwòl nan domèn sikyatri ak retire eleman toksik nan moun nan akòz dwòg oswa alkòl.

Men kèk egzanp sou ijans:

- yon kriz kadyak oswa doulè grav nan pwatrin
- emoraji ki pa vle sispann oswa yon move boule
- zo kase
- pwoblèm pou respire / konvilzyon / pèt konesans
- lè w santi ou ka fè tèt ou mal oswa fè lòt moun mal
- si w ansent epi ou gen siy tankou doulè, senyen, lafyèv, oswa vomisman
- ovèdòz medikaman
- move fonksyonman grav nan nenpòt ògàn nan kò a
- pwoblèm fonksyonman nan kò a

Men kèk egzanp **ki pa ijans**: rim, malgòj, boulvèsman lestomak, ti koupe ak vyann mètri, oswa misk foule.

Epitou, sa ki pa ijans yo gendwa pwoblèm fanmi, renmen ki kraze, oswa vle pran alkòl oswa lòt dwòg. Ou gendwa santi sa yo tankou se ijans, men yo pa reprezante yon rezon pou ale nan sèvis dijans.

Si w gen yon ijans, men kisa pou w fè:

- *Si w panse ou gen yon ijans, rele 911* oswa ale nan sal ijans lan. Ou pa bezwen apwobasyon MetroPlus MetroPlusHealth Partnership in Care oswa PCP w anvan w pran swen dijans, epi ou pa oblije itilize lopital nou yo oswa doktè nou yo.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Si ou pa fin sèten, rele **PCP w la** oswa MetroPlusHealth Partnership in Care.

Di moun ou pale avè l la kisa ki rive. Repezantan PCP w la oswa MetroPlusHealth Partnership in Care la ap:

- di w kisa pou w fè lakay ou, oswa
 - di pou w vini nan biwo PCP a,
 - pale w de sèvis ou kapab jwenn nan kominote a, tankou reyinyon 12 etap yo oswa yon abri pwovizwa oswa
 - di w ale nan sal ijans ki pi pre w la.
- **Ou ka kontakte Sèvis Manm MetroPlusHealth Partnership in Care nan 800.303.9626, 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt si w nan sitiwayon kriz oswa si w bezwen èd pou yon pwoblèm sante mantal oswa konsomasyon dwòg.**
- *Si ou pa nan zòn nan* lè ou gen yon ijans:
 - Ale nan sal ijans ki pi pre w la oswa rele 911.
 - Rele MetroPlusHealth Partnership in Care kou w kapab (nan espas 48 èdtan si ou kapab).

Sonje

Ou pa bezwen apwobasyon alavans pou sèvis ijans

Sèvi ak sal ijans sèlman si e gen yon **IJANS TOUTBON**.

Ou **PA** dwe itilize Sal Ijans pou pwoblèm tankou grip, malgòj, oswa enfeksyon nan zòrèy.

Si w gen kesyon, rele PCP w lan oswa plan nou an nan 800.303.9626.

Nimewo Telefòn Sèvis Kriz Konpòtman Nimewo Telefòn 855.371.9228

Klinik Ijans

Ou ka gen yon blesi oswa yon maladi ki pa yon ijans men ou bezwen swen touswit kanmenm.

- Sa ka yon timoun ki gen zòrèy fè mal ki leve nan mitan lannwit eki li pa sispann kriye.
- Sa kapab grip oswa si w bezwen koud.
- Li ka yon cheviy foule, oswa yon move ti moso bwa ou pa ka retire.

Ou ka jwenn yon randevou pou yon vizit swen ijan nan menm jou a oswa nan lannmen. Si ou lakay ou oswa ou nan deplasman, rele PCP w lan kenpòt lè, lajounen kou lannwit. Si ou paka rive jwenn PCP w lan, rele nou nan 800.303.9626. Di moun ki reponn ou an kisa ki rive. Yo pral di w

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

kisa pou w fè.

Swen Deyò Etazini

Si w vwayaje deyò Etazini, ou ka jwenn swen ijan ak swen dijans sèlman nan Distri Columbia, Pòtoriko, Zil Vyèj, Guam, Northern Mariana Islands ak American Samoa. Si w bezwen swen medikal pandan w nan yon lòt peyi (Kanada ak Meksik ladan l tou), w ap gen pou w peye pou li.

NOU VLE KENBE W AN SANTE

Met sou konsiltasyon regilye yo ak vaksen ou bezwen, men kèk lòt sèvis nou bay ak fason pou w rete an sante:

- Fòmasyon pou tretman VIH
- Sipò lòt moun
- Respekte orè medikaman w yo
- Sèvis sipò VIH/SIDA
- Diminasyon konsekans negatif/echanj sereng
- Lòt opsyon terapi
- Swen nan gwosès ak swen bebe
- Swen ak nitrisyon anvan akouchman
- Bay tete ak swen tibebe
- Swen dan/bouch
- Prevansyon VIH
- Jere opresyon
- Pwogram egzèsis
- Lòt opsyon terapi
- Swen po
- Prevansyon VIH
- Prevansyon pou pozitif yo
- Sèvis presi VIH, tankou planifikasyon pèmanan
- Seyans fòmasyon pou kite fimèn
- Swen ak nitrisyon anvan akouchman
- Sipò pou Chagren/Dèy
- Bay tete ak swen tibebe
- Jesyon strès
- Jere pwa
- Kontwòl kolestewòl
- Konsèy sou dyabèt ak fòmasyon pou jere l poukont ou
- Konsèy sou opresyon ak fòmasyon pou jere l poukont ou
- Tès pou Enfeksyon Seksyèlman Transmisib (STI) ak Fason pou Pwoteje Tèt ou kont STI
- Sèvis vyolans domestik
- Fòmasyon pou oumenm ak fanmi w

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 oswa ale sou sit entènèt nou an nan metroplus.org pou jwenn plis enfòmasyon ak pou jwenn yon lis klas ki pral fèt tou pwochènman.

PATI 2: Avantaj ak Pwosedè Plan w lan

Rès manyèl sa a se pou enfòmasyon ou lè ou bezwen sa. Li bay lis sèvis ki kouvri ak sa ki pa kouvri yo. Si ou gen yon plent, manyèl la di w kisa w dwe fè. Manyèl la gen lòt enfòmasyon ou ka jwenn ki itil. Kenbe manyèl sa a sou la men pou lè ou bezwen li.

AVANTAJ

Plan Bezwen Espesyal yo bay yon seri sèvis ou resevwa met sou sa w jwenn ak Medicaid regilye a oswa lòt plan Medicaid yo jere. N ap bay pifò sèvis ou pral bezwen yo oswa fè aranjman pou w jwenn yo.

Men, ou ka jwenn kèk sèvis, san w pa pase pa PCP w lan. Sèvis sa yo gen ladan swen ijans; planin famiyal; tès VIH; sèvis mobil pou kriz yo; ak sèvis presi ou chwazi poukont ou, sa gen ladan l sa yo ou ka jwenn nan MetroPlusHealth Partnership in Care, ak kèk ou ka chwazi pran nan men nenpòt founisè Medicaid pou sèvis la.

SÈVIS PLAN NOU AN KOVRI

Ou dwe jwenn sèvis sa yo nan men founisè ki nan plan nou an. Tout sèvis yo dwe nesèsè sou plan medikal oswa klinik, epi se PCP (Founisè Swen Prensipal) ou ki ba w yo oswa refere w pou yo. Tanpri rele departman Sèvis Kliyan nou an nan 800.303.9626. Si w gen nenpòt kesyon oswa si w bezwen asistans pou nenpòt nan sèvis yo ki anba la a

Swen Medikal Regilye ak HIV

- vizit nan kabinè PCP w
- resevwa pwogram Swen De Baz pou HIV
- referans kay espesyalis
- resevwa terapi
- egzamen je/zòrèy
- èd pou respekte orè medikaman w yo
- kowòdinasyon swen ak benefis

Swen Prevantif

- Edikasyon sou VIH ak pou diminye risk pou pran li
- referans nan CBO pou swen sipò
- swen tibebe
- swen timoun
- tyekòp nòminal
- piki pou timoun depi lè yo fèt ak lè yo nan anfans yo

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- rive jwenn sèvis Depistaj Bonè ak Tanzantan, Dyagnostik ak Tretman (EPSDT) pou manm depi lè yo fèt rive laj 21 lane
- jwenn zegwi ak sereng gratis
- konsèy pou kite fimèn

Swen Manman

- jwenn sant espesyal pou VIH pou manman ak timoun yo (si w gen VIH)
- swen pou gwosès
- sèvis doktè/fanmsaj ak lopital
- fè terapi pou maladi ki ataje defans kò a pou manman ak bebe
- swen gadri pou tibebe
- depistaj pou depresyon pandan gwosès ak jiska yon ane apre akouchman

Swen sante yo bay nan kay (Dwe nesesè medikalman epi MetroPlusHealth Partnership in Care ki dwe òganize l)

- yon vizit sante adomisil apre akouchman ki nesesè sou plan medikal, vizit anplis si yo nesesè sou plan medikal pou fanm ki gen anpil risk yo
- pou pi piti 2 vizit pou tibebe ki pi ekspozè yo (bebe fenk fèt)
- lòt vizit swen sante adomisil lè yo nesesè epi jan PCP w/espesyalis bay lòd pou yo.

Swen Pèsonèl/Èd Familyal/Sèvis Asistans Pèsonèl Kliyan Dirije (CDPAS, Consumer Directed Personal Assistance Services)

- Dwe nesesè medikalman epi MetroPlusHealth Partnership in Care ki dwe òganize l
- Swen Pèsonèl/Gad Malad - Èd pou benyen, abiye ak manje, epi ede prepare manje ak antretyen kay.
- CDPAS – Èd pou benyen, abiye ak manje, epi ede prepare manje ak antretyen kay, plis èd swanyan ak swen enfimye adomisil. Se yon asistan yo chwazi ki bay èd sa a epi se ou k ap dirije li
- Si w vle plis enfòmasyon, kontakte MetroPlusHealth Partnership Care nan 800.303.9626.

Sistèm Repons Kadijans Pèsonèl (PERS, Personal Emergency Response System)

- Sa a se yon atik ou mete pou sizoka ou gen yon ijans epi ou bezwen èd.
- Pou w kalifye epi pou w jwenn sèvis sa a, ou dwe ap resevwa sèvis swen pèsonèl/gad malad adomisil.
- Dwe nesesè medikalman epi MetroPlusHealth Partnership in Care ki dwe òganize l.

Swen Sante Lajounen pou Moun aje

- Se doktè jeneralis ou a (PCP) ki dwe rekòmande l, epi MetroPlusHealth Partnership in Care fè aranjman pou yo.
- Ofri edikasyon sou sante, nitrisyon, swen enfimye ak sosyal, èd pou aktivite lavi chak jou, terapi reyadaptasyon, sèvis famasi, plis referans pou swen dan ak lòt swen espesyalis.

Swen sante lajounen pou SIDA lakay moun majè

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Se doktè jeneralis ou a (PCP) ki dwe rekòmande l, epi MetroPlusHealth Partnership in Care fè aranjman pou yo.
- Bay swen medikal ak enfimye jeneral, sèvis sipò pou konsomasyon dwòg, sèvis sipò pou sante mantal, sèvis nitrisyon pou gwoup ak endividyèl, ansanm ak, plis aktivite pou rankontre moun, detant ak ankouraje byennèt/sante.

Tretman pou Tibèkiloz

- Sa se pou ede w pran medikaman w pou TB epi pou swen suivi.

Swen nan Lospis

- Hospice ede pasyan ak fanmi yo ak bezwen espesyal yo pandan etap final maladi a oswa lanmò.
- Dwe nesèsè medikalman epi MetroPlusHealth Partnership in Care ki dwe òganize l.
- Ofri sèvis sipò ak kèk sèvis medikal pou pasyan ki malad epi ki sipoze viv yon ane oswa mwens.
- Ou ka jwenn sèvis sa yo lakay ou oswa nan yon lopital oswa mezon retrèt.
- Pou timoun ki gen mwens pase venteyen (21) lane, sèvis ki nesèsè nan domèn medikal pou trete maladi yo kouvri tou.

Si w gen kenpòt kesyon sou sèvis sa yo, ou ka rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

Swen pou Dan

Asirans MetroPlusHealth Partnership in Care la kwè bonjan swen pou dan w enpòtan pou swen sante w anjeneral. Nou ofri swen dan grasa yon kontra avèk DentaQuest, yon espè nan bay sèvis swen dan kalite siperyè; oswa nou ofri swen dan gras ak yon kontra avèk dantis endividyèl ki se espè nan bay sèvis dantè kalite siperyè. Nan sèvis ki kouvri w ap jwenn sèvis pou dan nòmal ak sèvis pou yon tretman kay dantis tankou konsiltasyon pou dan pou fè prevansyon, netwayaj, radyografi, plonbaj ak lòt sèvis pou verifye si gen chanjman ki fèt nan eta dan w oswa si gen yon pwoblèm ki ka mande tretman ak/oswa randevou pou w jwenn swen. *Ou pa bezwen yon referans nan men doktè jeneralis ou a pou w al kay dantis!*

Kijan ou ka jwenn Sèvis Dantè:

Ou dwe chwazi yon dantis swen prensipal. MetroPlusHealth Partnership in Care siyen kontra ak DentaQuest pou l bay sèvis pou dan yo. DentaQuest gen dantis ki kolabore ak li ki espesyalize nan swen jeneral nan dan, swen nan dan pedyatrik, operasyon nan bouch ak maladi nan jansiv. Rele DentaQuest nan 844.284.8819 pou w chwazi yon dantis ki bay swen jeneral. Ou ka jwenn yon lis dantis ki nan rezo a sou entènèt sou metroplus.org, oswa ou ka rele Sèvis Manm MetroPlusHealth Partnership in Care la nan 800-303-9626. Si ou pa chwazi yon dantis, yo pral chwazi youn pou ou. Ou ka toujou chanje dantis ou an. Rele dantis ou konsilte nan moman an pou w mande l si l gen kontra ak DentaQuest.

- Si w bezwen jwenn yon dantis oswa chanje dantis ou, tanpri rele DentaQuest nan 844.284.8819, oswa rele MetroPlusHealth Partnership in Care nan 800.303.9626. Reprèzantan Sèvis Manm yo la pou ede w. Anpil nan yo pale lang ou oswa yo gen kontra avèk Sèvis Lang nan Telefòn.
- Montre kat ID Manm ou pou ka jwenn avantaj pou dan yo Ou pa pral resevwa yon kat ID dantè apa. Lè w ale kay dantis ou, ou ta dwe prezante kat ID w plan w lan.
- Ou ka ale tou nan yon klinik ki dirije pa yon sant dantè akademik san referans. Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 si w bezwen èd pou jwenn kikote ki gen yon klinik sant dantè akademik.

Swen pou Ranje Dan

MetroPlusHealth Partnership in Care pral kouvri aparèy dantè pou timoun jiska laj 21 lane ki gen yon pwoblèm ak dan yo tankou: pa ka kraze manje akòz dan ki gaye, fant nan palèt, bouch fann.

Swen Je

- Sèvis kay yon doktè je, sant konsiltasyon je, ak optometris.
- Kouvèti pou vè kontak, lantiy an polikabonat, je atifisyèl, ak/oswa ranplasman linèt ki pèdi oswa ki kraze, ki gen ladan reparasyon, lè sa nesèsè sou plan medikal. Je atifisyèl yo kouvri si se yon founisè plan an ki mande yo
- Egzamen je, an jeneral chak dezan, sof si yo pi souvan nesèsè nan domèn medikal
- Linèt, ak nouvo monti Medicaid apwouve chak dezan, oswa pi souvan si yo nesèsè sou plan medikal
- Egzamen pou vizyon ki fèb ak èd pou wè dapre preskripsyon doktè w
- Referans kay espesyalis pou maladi oswa defòmasyon nan je

Swen Lopital

Aksè nan Lopital Ki La pou SIDA

- swen pasyan ki entèn
- swen pou pasyan ekstèn
- laboratwa, radyografi, lòt tè

Swen Ijans

- Sèvis swen dijans yo se pwosedi, tretman oswa sèvis ki nesèsè pou evalye oswa estabilize yon ijans.
- Apre ou te resevwa swen dijans, ou ka bezwen lòt swen pou asire ou rete nan yon eta ki estab. Toudepan bezwen ou yo, yo ka trete w nan sal dijans la, nan yon chanm lopital pasyan ki entèn, oswa nan yon lòt anviwònman. Se sa yo rele **Sèvis Apre Estabilizasyon**.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ijans yo, gade nan paj 19.

Swen Espesyalize

Sa gen ladan l sèvis lòt espesyalis, ki gen ladan l:

- terapi fizik
- terapi okipasyonèl ak lapawòl
- odyolojis
- fanmsaj
- reyadaptasyon kadyak
- lòt swen ki pa pou VIH
- kadyoloji
- dèmatoloji
- andokrinoloji (dyabèt)
- gastwoantewoloji
- newoloji
- oftalmoloji
- soulajman doulè

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

Swen nan Etablisman Swen Sante Rezidansyèl (Mezon Retrèt)

- sa gen ladan sejou pou peryòd ki kout, oswa reyadaptasyon, ak swen ki dire lontan;
- yon doktè dwe bay preskripsyon epi MetroPlusHealth Partnership dwe bay otorizasyon;
- sèvis mezon retrèt ki kouvri yo gen ladan l sipèvizyon medikal, swen enfimyè 24 sou vennkat, èd ak aktivite lavi chak jou, terapi fizik, terapi okipasyonèl, ak patoloji lapawòl-langaj.

Si w bezwen plasman ki dire lontan nan yon mezon retrèt, New York State of Health dwe decide si w ranpli kèk kondisyon Medicaid konsènan revni. MetroPlusHealth Partnership in Care ak mezon retrèt la ka ede w aplike.

Ou dwe jwenn swen nan yon mezon retrèt ki nan rezo founisè MetroPlusHealth Partnership in Care. Si w chwazi yon mezon retrèt ki pa nan MetroPlusHealth Partnership in Care, ou ka oblije chanje plan. Rele New York Medicaid Choice nan 800.505.5678 pou w jwenn èd ak kesyon sou founisè mezon retrèt ak rezo plan yo.

Rele nan 800.303.9626 pou w resevwa èd pou jwenn yon mezon retrèt ki nan rezo nou an.

SWEN SANTE KONPÒTMAN

Swen sante konpòtman yo gen ladan sèvis tretman ak reyadaptasyon pou sante mantal ak itilizasyon sibstans (alkòl ak dwòg). Tout manm nou yo gen aksè nan sèvis pou ede yo nan sante emosyonèl, oswa pou ede yo avèk alkòl oswa lòt pwoblèm itilizasyon sibstans. Sèvis sa yo gen ladan:

Swen Sante Mantal pou Granmoun

- Sèvis Sikyatri
- Sèvis Sikoloji
- Tretman sante mantal pou moun ki entène ak pasyan ki pa entène.
- Enjeksyon pou kondisyon ki gen rapò avèk sante konpòtman
- Sèvis Rehap si w nan yon mezo kominotè oswa tretman familyal
- Sèvis ankadreman endividyèl e ki fèt an gwoup nan klinik Biwo Sante Mantal yo (OMH)

Swen sante mantal pou granmoun ki pa entène

- Tretman Lajounen k ap Kontinye (CDT)
- Entène lopital pandan kèk jou (PH)

Swen sante mantal reyadaptasyon pou granmoun ki pa entène

- Swivi entansif nan kominote (ACT, Assertive Community Treatment)
- Sèvis pèsonalize ki akse sou gerizon (PROS, Personalized Recovery Oriented Services)

Sèvis Kriz Sante Mantal pou Granmoun

- Pwogram Ijans Sikyatri Konplè (CPEP) ki gen ladan kabann obsèvasyon pwolonje
- Sèvis entèvansyon kriz
 - Sèvis Mobil ak nan telefòn pou kriz
- Pwogram pou Kriz nan kay
 - Sipò pou Kriz nan kay Sa a se yon pwogram pou moun ki gen laj 18 oswa plis ak sentòm detrès emosyonèl. Sentòm sa yo pa ka jere nan kay oswa nan kominote a san èd.
 - Rezidans Kriz Ki Grav Sa a se yon pwogram tretman pou moun ki gen laj 18 oswa plis ki gen gwo detrès emosyonèl.

Sèvis pou pwoblèm ki lye ak konsomasyon dwòg

- Sèvis pou kriz
 - Jesyon medikal Sevraj medikal
 - Jesyon pou retire yon moun nan yon swen medikal ki sipèvize (Pasyan ki entène/Pasyan ki pa entène)
- Sèvis tretman depandans pasyan ki entène (lopital oswa nan kominote a)
- Sèvis nan rezidans pou tretman adiksyon

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Estabilizasyon nan sant ebèjeman
- Reyabilitasyon nan sant ebèjeman
- Reyadaptasyon nan sant lojman
- Sèvis tretman adiksyon pasyan ekstèn
 - Tretman Entansif pasyan ekstèn
 - Sèvis reyadaptasyon pou pasyan ekstèn
 - Jesyon pou sispann yon tretman pou pasyan ki pa entène
 - Tretman ak asistans medikal
- Pwogram Tretman Opyòd (OTP)

Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza grasa Pwogram Sètifye Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans lan bay (OASAS)

MetroPlusHealth kouvri Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza grasa Pwogram Sètifye Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans lan bay (OASAS).

Ou ka jwenn Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza:

- konsiltasyon fasafas; oswa
- vityèl.

Si w bezwen Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza, ou ka jwenn yo nan pwogram moun ki pa entène oubyen si sa nesèsè, yon pwogram OASAS pou moun ki entène oswa rezidansyèl.

Ou pa bezwen yon referans nan men doktè fanmi w (PCP) pou w jwenn sèvis sa yo. Si w bezwen èd pou w jwenn yon founisè, tanpri rele sèvis manm MetroPlusHealth yo nan nimewo ki pi ba a. Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Sèvis Analiz Konpòtman Aplike (ABA)

MetroPlusHealth ap kouvri depans Terapi Analiz Konpòtman Aplike (Applied Behavior Analysis, ABA):

- Espesyalis nan domèn Konpòtman lisansye (LBA) a fè, oswa
- Oubyen yon Asistan Espesyalis nan domèn Konpòtman (CBAA) anba sipèvizyon yon LBA, oswa

Ki moun ki ka resevwa ABA?

Timoun/Jèn ki gen pi piti laj pase 21 lane ki gen yon kategori maladi otis ak/oswa Sendwom Rett. Si ou panse ou kalifye pou ou resevwa sèvis ABA yo, pale ak founisè w la konsènan sèvis sa a. MetroPlusHealth pral travay avèk ou ansanm avèk founisè w pou asire ou resevwa sèvis ou bezwen an.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Sèvis ABA yo gen ladan:

- evalyasyon aktretman yon doktè fè, espesyalis konpòtman lisansye oswa asistan espesyalis konpòtman sètifye,
- tretman endividyèl ou resevwa adomisil oubyen nan lòt anviwònman,
- tretman konpòtman an gwoup, ak
- fòmasyon e sipò pou fanmi ak moun k ap travay lakay la.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

SÈVIS BEHAVIORAL HEALTH CARE AND HOME AND COMMUNITY BASED SERVICES (BH HCBS) AK COMMUNITY ORIENTED RECOVERY AND EMPOWERMENT (CORE)

Sèvis sa yo ka ede w nan objektif lavi w tankou travay, lekòl, oswa lòt domèn nan lavi w ou vle travay sou yo. Pou nou gade si ou kalifye, yon Kowòdonatè Swen Sante Adomisil dwe reyalize yon depistaj tou kout pou ou ki pral montre si ou ka benefisye sèvis sa yo. Si egzamen an montre ou ka benefisye, Kowòdonatè Swen an pral reyalize yon evalyasyon konplè pou ou jwenn kisa bezwen sante annantye ou yo ye, ankontan bezwen fizik, konpòtmantal ak sèvis reyadaptasyon.

BH HCBS yo gen ladan:

- **Sèvis pou retounen jwenn kapasite w** - ede w aprann nouvo konpetans nan fason pou w viv endepandan nan kominote.
- **Sèvis Sipò Edikasyon** - ede ou jwenn fason pou tounen nan lekòl pou resevwa edikasyon ak fòmasyon ki pral ede w jwenn yon travay.
- **Sèvis Anvan w rive nan nivo Pwofesyonèl** - ede ou jwenn konpetans ki nesèsè pou prepare w pou travay.
- **Sèvis pou Al nan lòt Travay** - ba ou sipò pou yon ti tan pandan w ap eseye divès kalite djòb. Sa gen ladan fòmasyon pandan w nan travay pou w ranfòse konpetans travay ou pou ede w kenbe yon travay ki nan nivo salè minimòm oswa pi wo.
- **Sèvis Sipò Entansif nan Travay** - ede w jwenn yon travay ki nan nivo salè minimòm oswa pi wo epi konsève li.
- **Sèvis Sipò Kontinyèl nan Travay** - ede ou konsève travay ou ak gen siksè ladan.
- **Transpò ki Pa-medikal** - transpò pou ale nan aktivite ki pa medikal ki gen rapò ak yon objektif nan plan swen ou an.

Sèvis Behavioral Health Care And Home And Community Based Services (BH HCBS) Ak Community Oriented Recovery And Empowerment (CORE) pou granmoun

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Sèvis Behavioral Health Care And Home And Community Based Services (BH HCBS) MetroPlusHealth Ak Community Oriented Recovery And Empowerment (CORE) pou granmoun ka ede manm yo reyalize objektif yo epi patisipe plis nan kominote a. Sèvis sa yo ka ede ak:

- Endepandan: Lavi chak jou ak konpetans sosyal
- Edikasyon ak travay
- Sipò lòt moun ak sipò fanmi
- Jere kris - Sèvis repi nan ka gen kriz ede jere nan kesyon sante mantal ak kriz ki lye ak itilizasyon dwòg nan yon anviwònman ki san danje.

Kalifikasyon ak nivo BH HCBS

Responsab swen sante adomisil (HHCM) yo sèvi ak Evalyasyon kalifikasyon Eta Nouyòk la pou gade si manm ki kalifye pou HIV SNP HARP ka resevwa BH HCBS pou granmoun ak, si se sa, pou ki nivo sèvis yo kalifye.

- Anvan evalyasyon an, HHCM nan dwe verifye enskripsyon HARP oswa VIH MSI nan moman an.
- Nivo 1 Sèvis ofri sèvis ki annapre yo:
 - Edikasyon
 - Travay
- Nivo 2 Sèvis yo gen ladan l tout atik ki nan Nivo 1, plis
 - Adaptasyon/Sipò rezidansyèl
- **Remak:** Eta Nouyòk nan pwosesis pou l chanje pwosesis evalyasyon BH HCBS yo epi chanje non sèvis BHH CBS pou rele l CORE (Oryantasyon pou l reprann li ki fèt nan kominote a). Objektif la se elimine baryè pou gen aksè elaji rezo referans yo pou ankouraje moun pou yo pran plis sèvis. Sèvis Four (4) yo chanje pou l vin CORE la e l detaye nan paj 31.
- Kalifikasyon HARP baze sou kèk faktè, tankou, ou te konn itilize sèvis sante konpòtmantal Medicaid yo.
- Moun yo ka mande founisè k ap trete yo pou l chèche pwogrè kalifikasyon yo oswa rele New York Medicaid Choice nan 855.789.4277; itlizatè TTY: 888.329.1541.

DESKRIPSYON BH HCBS ak SÈVIS COMMUNITY ORIENTED AND RECOVERY (CORE) POU GRANMOUN

Gen yon pakèt sèvis pou moun ak sèvis sante Behavioral Health Home and Community Based Services and Community Oriented and Recovery (CORE) pa bay ki disponib ki ka ede w atenn objektif ou nan lavi epi pi aktif nan kominote w. Si w kalifye, ou ka resevwa sèvis ki annapre yo:

BH HCBS sèvis sa yo gen ladan:

- **Sèvis pou Reprann** – Pou Mann ki bezwen bagay debaz pou viv yo, konpetans pou yo fonksyone ak sosyal. Sèvis:
 - Ede manm yo atenn konpetans ki gen ladan l kominikasyon efikas ak bati relasyon nan kominote a, ak itilizasyon resous kominote a.
 - Ka itil apre yon pakèt tan ap viv nan lari, etène lopital oswa nan prizon.
- **Sèvis Sipò Edikasyon** - Ede w jwenn fason pou w tounen nan lekòl pou resevwa edikasyon ak fòmasyon ki pral ede w jwenn yon travay. Sèvis yo gen ladan:
 - Èd pou aplike pou èd ekonomik ak lekòl;
 - Enskripsyon lekòl;
 - Gen aksè ak sistèm eskolè a;
 - Negosye lojman rezonab;
 - Idantifye resous pou kou patikilye.
- **Sèvis Anvan w rive nan nivo Pwofesyonèl** - ede ou jwenn konpetans ki nesèsè pou prepare w pou travay. Sèvis yo gen ladan:
 - Prepare manm yo pou travay konpetitif, sila yo ki gen yon tikras eksperyans travay rive nan sa ki pa genyen ditou oswa ki pa travay depi lontan.
 - Opòtinite yo dwe entegre nan yon anviwònman travay kote moun yo nan kominote jeneral la ap travay.
- **Sèvis pou Al nan lòt Travay** - ba ou sipò pou yon ti tan pandan w ap eseye divès kalite djòb. Sa gen ladan fòmasyon pandan w nan travay pou ranfòse konpetans travay ou pou ede w kenbe yon travay ki nan nivo salè minimòm oswa pi wo.
 - Prepare manm yo pou travay konpetitif nan kominote jeneral, sila yo ki gen yon tikras eksperyans travay rive nan sa ki pa genyen ditou oswa ki pa travay depi lontan.
 - Tan disponib pou lè mun nan ap chanje travay founisè HCBS yo bay nan yon antant fòmèl ak biznis ki anplwaye moun nan kominote jeneral la.
- **Sèvis Sipò Entansif nan Travay** - ede w jwenn yon travay ki nan nivo salè minimòm oswa pi wo epi konsève li.
- **Sèvis Sipò Kontinyèl nan Travay** - ede ou konsève travay ou ak gen siksè ladan.
- **Transpò ki Pa medikal** - transpò pou ale nan aktivite ki pa medikal ki gen rapò ak yon

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

objektif nan plan swen w.

Kat (4) BH HCBS Adilt ki vin tounen sèvis CORE ap ede w amelyore aksè w ak sèvis yo epi itilize eksperyans espesyalis medikal ak reyadaptasyon yo pou yo sipòte kalifikasyon ak pwosesis entegrasyon an. Ou ka resevwa sèvis CORE si yon Espesyalis Lisansye nan Pratik Gerizon (Licensed Practitioner of the Healing Arts, LPHA) fè rekòmandasyon pou sa. Sèvis CORE yo gen ladan yo:

- **Reyadaptasyon Sikolojik ak Sosyal (PSR)**
- **Tretman ak Sipò nan Domèn Sikyatri nan Kominote a (CPST)**
- **Sèvis Pou Bay Kapasite Pou Moun nan Endepandan – Sipò Kamarad**
- **Fòmasyon ak sipò pou fanmi (FST)**

Remak: Sèvis poz nan pou swen ki pa dire lontan ak sèvis poz nan kriz entansif anvan sa li te rele BH HCBS vin tounen Avantaj pou Entèkansyon Kriz. Kounye a yo rele **Sèvis pou Kriz nan Kay** e yo disponib pou Manm Medicaid Managed Care yo. Sèvis sa yo gen ladan:

- Sipò lòt moun;
- Kowòdinasyon ak lòt founisè;
- Kotchin sante ak byennèt;
- Planifikasyon entèkansyon kriz;
- Edikasyon nan zouti otosaistans;
- Rezoud konfli;
- Angajman fanmi ak lòt sipò natirèl;
- Referans ak lyen a founisè kominotè yo

Lòt sèvis pou Kriz nan Kay yo ka gen ladan:

- Evalyasyon sikyatri;
- Evalyasyon konplè ki gen ladan l depistaj pwoblèm sante fizik;
- Evalyasyon risk;
- Jesyon medikaman;
- Sipò sikolojik endividyèl ak an gwoup;
- Sipò fanmi;
- Sipò lòt moun
- Referans ak lyen a founisè kominotè yo

Sèvis entèkansyon kriz pou granmoun ak timoun

MetroPlusHealth ap peye pou Sèvis kriz rezidans yo. Sa yo se sèvis nan nwit yo. Sèvis sa yo trete timoun ak granmoun ki gen yon kriz emosyonèl. Sèvis sa yo gen ladan:

Sipò Kris Rezidansyèl

Sa a se yon pwogram pou moun ki gen laj 18 oswa plis ak sentòm detrès emosyonèl. Sentòm sa yo

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

pa ka jere nan kay oswa nan kominote a san èd.

Rezidans Kriz Entansif

Sa a se yon pwogram tretman pou moun ki gen laj 18 oswa plis ki gen gwo detès emosyonèl.

Rezidans Kriz Timoun

Sa a se yon pwogram sipò ak tretman pou moun ki poko gen 21 lane. Sèvis sa yo ede moun fè fas ak yon kriz emosyonèl epi retounen lakay yo ak nan kominote a.

Sèvis Mobil ak nan telefòn pou kriz

Pwogram Ijans Sikyatri Konplè (CPEP) ki gen ladan kabann obsèvasyon pwolonje.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY 711).

Sèvis Rediksyon Nwizans

Si ou bezwen èd pou pwoblèm itilizasyon sibstans, Sèvis Rediksyon Nwizans ka ofri yon apwòch konplè ki akse sou moun ki malad la pou sante ou ak byennèt. MetroPlusHealth Partnership in Care kouvri sèvis ki ka ede diminye konsomasyon dwòg ak lòt sa ki gen rapò ak li harms. Sèvis sa yo gen ladan:

- Yon plan swen devlope pa yon moun ki gen eksperyans nan travay ak itilizatè sibstans.
- Konsèy Endividyèl ki bay sipò ki ede ou reyalize objektif ou yo.
- Konsèy an gwoup konsèy nan yon espas sekirize pou pale ak lòt moun sou pwoblèm ki afekte sante ak byennèt ou.
- Konsèy pou ede ou ak pran medikaman yo preskri ou ak kontinye tretman.
- Sipò gwoup yo pou ede w pi byen konprann itilizasyon dwòg epi idantifye teknik pou fè fas ak li ak konpetans k ap mache pou ou.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Sèvis Sante Konpòtman pou timoun

MetroPlusHealth pral kouvri plis sèvis sante konpòtmantal pou timoun ak jèn. Ou ka sèvi avèk kat plan sante w pou jwenn sèvis sa yo.

MetroPlusHealth ka deja kouvri Kèk nan sèvis sa yo pou sèten timoun kalifye ki poko gen laj 21 lane.

Manm yo ki poko gen laj 21 ane pral ka resevwa sèvis sa yo:

- Sèvis pou kriz
 - Jesyon medikal Sevraj medikal

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Jesyon pou retire yon moun nan yon swen medikal ki sipèvize (Pasyan ki entène/Pasyan ki pa entène)
- Sèvis tretman depandans pasyan ki entène (lopital oswa nan kominote a)
- Sèvis nan rezidans pou tretman adiksyon
 - Estabilizasyon nan sant ebèjeman
 - Reyabilitasyon nan sant ebèjeman
- Sèvis tretman adiksyon pasyan ekstèn
 - Tretman Entansif pasyan ekstèn
 - Sèvis reyadaptasyon pou pasyan ekstèn
 - Jesyon pou sispann yon tretman pou pasyan ki pa entène
 - Tretman ak asistans medikal
- Pwogram Tretman Opyòd (OTP)

MetroPlusHealth pral kouvri sèvis sa yo pou tout timoun ak jèn ki elijib ki poko gen laj 21 lane, sa gen ladan l moun sa yo:

- Ki gen Revni Sekirite Sipleman (SSI);
- Ki gen estati Federal Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap (SSDI); oswa
- Revizyon andikap medikal te deklare Eta Nouyòk te deklare l se yon andikape sètifye.

Tretman Fanmi ak Sèvis Sipò pou Timoun yo (CFTSS)

Nou gen otorizasyon pou nou bay CFTSS dapre Evalyasyon ki fèt bonè e ki fèt chak peryòd, dyagnostik, ak avantaj Tretman (sa moun konnen sou non EPSDT). EPSDT se yon seri avantaj Medicaid pou timoun ki gen mwens pase 21 lane, ki konsantre prensipalman sou swen prevansyon (konsiltasyon jeneral, vaksinasyon, ak evalyasyon nan yon laj presi).

- Si w gen mwens pase 21 lane e otorite federal yo ba w estati sekirite sosyal pou andikape oswa eta Nouyòk detèmine l kòm Security Insurance-Related, itilize kat Medicaid pou Tretman ak sèvis sipò pou fanmi timoun.

Sèvi ak kat bebefis MetroPlusHealth ou a pou w jwenn Tretman Fanmi ak Sèvis Sipò pou Timoun yo. Sèvis sa yo gen ladan:

- **Lòt Espesyalis Lisansye (OLP).** Benefis sa a pèmèt ou jwenn terapi endividyèl, an gwoup, oswa fanmi kote ou pi konfòtab. Timoun nan/jèn pa mande yon dyagnostik pou antre nan OLP.

OLP yo se espesyalis sante konpòtman doktè pa apwouve (NP--LBHP) ki gen ladan l:

- Espesyalis pou terapi sante mantal ki lisansye
- Yon travayè sosyal klinik ki lisansye
- Espesyalis terapi maryaj ak fanmi

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Konseye sante mantal lisansye
- Metriz otorize travay sosyal anba sipèzyon travayè sosyal klinik (LCSW), sikològ lisansye, oswa sikyat.
- **Reyadaptasyon Sikososal (PSR).** Benefis sa a ede ou re-aprann ladrès pou ede ou nan kominote w la. Sèvis sa a te rele "Bati Ladrès"/ "Skill Building."
- **Tretman ak Sipò Sikatri nan Kominote (CPST).** Avantaj sa a ede w rete lakay ou epi kominike pi byen ak fanmi, zanmi ak lòt moun. Sèvis sa a te rele "Sèvis entansif nan kay la," "Fòmasyon ak Jesyon pou Evite Kriz," oswa "Sipò ak sèvis nan Kay." Founisè kalifye ak yon diplòm metriz nan travay sosyal, ankadreman, sikològ, oswa domèn sèvis pou moun, plis yon ane eksperyans aplikab, ka bay tout aspè nan CPST, sa gen ladan l ankadreman.

Sipò ak sèvis lòt Fanmi (FPSS). Yon seri aktivite ak sipò fòmèl ak enfòmèl yo bay fanmi yo k ap pran swen/leve yon timoun k ap fè fas ak defi sosyal, emosyonèl, medikal, devlopmanal, itilizasyon dwòg, ak/oswa defi konpòtmantal lakay yo, lekòl, etablisman, ak/oswa kominote yo. Sèvis sa yo konsantre sou fòtifye selil familyal la, bati konpetans nan fanmi pou benefis timoun nan, fè pwomosyon emantispasyon nan fanmi an, ak ranfòse soutyen global yo nan anviwonman timoun nan.

Sipò lòt Jèn yo (YPS). Benefis sa a bay yon Defansè Jèn ki gen kalifikasyon, oswa yon Defansè sètifye pou rekiperasyon jèn ki gen yon konsantrasyon pou jèn ki gen eksperyans menm jan an. Jwenn sipò ak asistans avèk:

- Devlope ladrès pou jere pwoblèm sante epi pou w endepandan.
- Ou gen pouvwa pou w pran desizyon
- Fè koneksyon ak sipò natirèl ak resous
- Tranzisyon nan sistèm sante adilt lè moman a bon.

Entèvansyon Kriz. Èd pwofesyonèl lakay ou oswa nan kominote a lè yon timoun oswa yon jenn moun souffri epi li pa ka ede fanmi, zanmi ak lòt sipò. Sa gen ladan l sipò ak èd ak itilizasyon plan kriz pou apeze kriz la ak anpeche oswa diminye chans pou lòt kriz alavni.

Si wap resevwa sèvis sa yo kounye a, swen ou p ap chanje. Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Sèvis adomisil ak nan Kominote a pou Timoun (HCBS) – anilasyon pou timoun 1915(c)

Eta New York kouvri Sèvis adomisil ak nan Kominote a pou Timoun (HCPS) anba ekzanpsyon timoun. MetroPlusHealth pral kouvri HCBS timoun yo pou manm k ap patisipe nan dispans timoun yo epi yo bay jesyon swen pou sèvis sa yo.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Children's HCBS ofri sèvis pèsònèl, fleksib pou satisfè bezwen chak timoun/jèn. Se HCBS bay kote timoun / jèn yo ak fanmi yo pi konfòtab ak sipòte yo jan yo travay nan direksyon pou objektif ak reyalizasyon.

Ki moun ki ka jwenn HCBS pou Timoun?

HCBS Timoun yo se pou timoun ak jenn moun ki:

- Bezwen plis swen ak sipò pou rete nan kay / nan kominote a
- Gen bezwen sante konplike, devlopman ak/oswa sante konpòtmantal
- Vle evite ale nan lopital oswa yon etablisman swen alontèm
- Ou elijib pou HCBS epi patisipe nan Egzanpsyon Timoun lan

Manm yo ki poko gen laj 21 lane pral ka resevwa sèvis sa yo nan plan sante yo:

- **Kapasite pou fonksyone nan Kominote a** - sèvis ak sipò an pèsòn ki gen rapò ak aprantisaj, ankadreman, ak ranfòsman konpetans ki nesèsè pou fè aktivite pou l fonksyone chak jou (ADL), aktivite lavi chak jou (IAD), ak/oswa Travay ki gen rapò ak sante yo bay nan kad kominote a.
- **Kapasite pou fonksyone pandan jounen an** - Sèvis yo bay pou ede manm yo aprann, kenbe, ak amelyore nan sosyalizasyon k ap ede l jere tèt li, konpetans adaptasyon tankou kominikasyon, ak vwayaj ki fèt nan yon kad rezidansyèl, ki separe ak kay prive moun oswa lòt aranjman.
- **Defans moun k ap pran swen/fanmi ak sèvis sipò** - entèvansyon endividyèl oswa gwoup ki la pou amelyore kapasite timoun nan/jèn nan, kèlkeswa andikap (devlopman, fizik, ak/oswa konpòtman), pou fonksyone nan yon kay moun k ap bay swen/fanmi epi ranfòse kapasite moun k ap bay swen an/fanmi yo pou yo pran swen timoun nan kay la ak/oswa nan kominote a. Itilizasyon sèvis sa yo ka fèt pou evite pwoblèm nan kominote a lè timoun nan/jèn nan gen difikilte.
- **Poz** - yon founisè ka fè sèvis yo ka fèt nan yon kay oswa rezidans, yon ekip ka fè yo yon kote ki pa kay/rezidans nan lokal nan kominote a (egzanp sant kominotè, kan, pak) oswa nan lokal li ka fèt. Sèvis la konsantre sou èd ki pa dire lontan yo bay timoun/jèn, kèlkeswa andikap li (nan domèn devlopman, fizik, ak/oswa konpòtman), akòz absans oswa bezwen pou soulaje timoun nan/jèn oswa pitit/jèn fanmi moun k ap bay swen an.

Yon poz nan kriz la ka sèvi lè gen kriz ki difisil nan domèn kòpòtman oswa ki rive yon lè konsa kote timoun/jèn nan ak/oswa fanmi/moun k ap bay swen an pa ka jere l san l pa gen gwo èd ak sipò. Yon espesyalis ki kalifye ka fè sèvis poz nan kriz la ka fèt nan yon kay oswa rezidans, ekip la ka fè l yon kote ki pa kay/rezidans nan lokal nan kominote a (egzanp sant kominotè, kan, pak) oswa nan lokal li ka fèt.

- **Sèvis anvan w antre sou mache travay la** - Pou manm ki gen 14 lane oswa ki pi gran - ki fèt pou prepare yon jèn pou l fè travay peye, travay benevòl, oswa rechèch karyè, chèche

siksè nan yon anviwònman travay pou jèn ki gen andikap ki pa pèmèt yo gen aksè ak lòt sèvis anvan yo antre sou mache travay la.

- **Travay ki jwenn sipò** - Pou manm ki gen 14 lane e ki pi gran - sèvis ki fèt pou prepare jèn ki gen andikap pou yo fè travay ki peye nan yon kad entegre nan mache travay jeneral, nan yon travay ki reponn ak objektif pèsònèl ak karyè.
- **Sèvis pou poz (poz ki planifye ak poz nan kris)** - Èd ki pa dire lontan yo bay timoun/jèn, kèlkeswa andikap li (nan domèn devlopman, fizik, ak/oswa konpòtman), akòz absans oswa bezwen pou soulaje timoun nan/jèn oswa pitit/jèn fanmi moun k ap bay swen an.
- **Swen pou elimine sentom** - Ki espesyalize nan swen ki konsantre sou bay soulajman pou sentom ak strès pou yon maladi grav oswa maladi ki met lavi moun nan andanje.
 - Terapi Ekspresyon
 - Terapi Masaj
 - Sèvis Dèy
 - Jesyon Doulè ak Sentòm
- **Chanjman ki gen Rapò ak Anviwònman** - Bay adaptasyon anndan ak deyò kay oswa rezidans ki kalifye kote timoun ki enskri a ye dapre plan swen timoun nan (POC).
- **Chanjman nan Mwayen Transpò** - Bay adaptasyon fizik pou prensipal mwayen transpò timoun ki enskri a, dapre plan swen timoun nan (POC).
- **Teknoloji Adaptasyon ak Èd** - bay èd pa mwayen teknoloji ak aparèy ki mansyone nan Plan Swen timoun nan (POC).
- **Transpò ki pa medikal** - Sèvis transpò ki pa medikal yo disponib pou manm yo pou yo gen jwenn HCBS ki otorize ak destinasyon ki gen rapò ak objektif ki mansyone nan Plan Swen jèn/timoun nan. Egzanp kote yo ka bezwen sèvis sa yo gen ladan l transpò HCBS yon timoun kalifye pou l resevwa, yon entèvyou travay, jounen enfòmasyon fakilte, yon seminè byennèt, kou preparasyon pou GED, elt.

Timoun/jèn k ap patisipe nan dispans timoun yo dwe resevwa jesyon swen. Jesyon Swen bay yon moun ki ka ede ou jwenn ak jwenn sèvis yo ki bon pou ou.

- Si w ap resevwa jesyon swen nan men yon Ajans Jesyon Swen (CMA), ou ka rete ak CMA ou. MetroPlusHealth ap travay avèk CMA w la pou ede w jwenn sèvis ou bezwen yo.
- Si wap resevwa jesyon swen nan Sèvis Evalyasyon Timoun ak Jèn yo (C-YES), MetroPlusHealth pral travay avèk C-YES epi jere swen w.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Atik 29-I ajans Voluntary Foster Care (VFCA) Sèvis Etablisman Sante

MetroPlusHealth kouvri Atik 29-I VFCA Sèvis Etablisman Sante pou timoun ak jèn moun ki gen pi piti pase 21 lane.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

29-I VFCA Health Facilities travay avèk timoun, jèn moun, ak fanmi pou ankouraje byennèt ak rezilta pozitif pou timoun nan swen yo. 29-I VFCA Health Facilities itilize pratik chòk yo konnen pou reponn ak bezwen chak timoun. 29-I VFCA Health Facilities ka sèvi sèlman timoun ak jèn moun distri a refere nan sèvis sosyal yo.

29-I VFCA Health Facility sèvis yo gen ladan:

Sèvis debaz ki gen Rapò ak limitasyon sante

1. Ranfòsman Konpetans
2. Jesyon medikaman ak swen enfimyè
3. Planifikasyon tretman Medicaid ak planifikasyon egzeyat
4. Sipèvizyon ak konsiltasyon klinik
5. Administrasyon/Lyezon Managed care

ak

Lòt ki gen rapò ak limitasyon sante

1. Tès depistaj, dyagnostik, ak sèvis tretman ki gen rapò ak sante fizik
2. Tès depistaj, dyagnostik, ak sèvis tretman ki gen rapò ak devlopman e kondisyon sante
3. Sèvis sipò e tretman pou fanmi ak timoun (CFTSS)
4. Sèvis adomisil ak nan Kominote a pou Timoun (HCBs)

MetroPlusHealth kouvri sèvis ki gen rapò ak limitasyon sante pou timoun ak jèn yo mete nan yon etablisman sante 29-I VFCA.

MetroPlusHealth kouvri lòt Sèvis ki gen rapò ak limitasyon sante 29-I VFCA Health Facility bay pou timoun ak jèn moun ki kalifye.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Sèvis Pou moun ki pa ka fè pitit

Si ou pa ka ansent, MetroPlusHealth kouvri sèvis ki ka ede w. Nou kouvri kèk medikaman pou moun ki pa ka fè pitit. Avantaj sa a limite ak pwoteksyon pou 3 peryòd tretman pou tout lavi.

MetroPlusHealth pral kouvri tou sèvis ki gen rapò ak preskri ak siveyans itilizasyon medikaman sa yo. Benefis enfètilite a gen ladan l:

- Vizit Biwo
- Radyografi matris la ak tib tronp yo
- Ekografi pèlvis
- Tès san

Elijibilite

Ou ka kalifye pou sèvis enfètilite si w satisfè kritè sa yo:

- Ou gen 21-34 ane epi ou pa kapab ansent aprè 12 mwa ke ou ap fè sèks regilyèman, san pwoteksyon.
- Ou gen 35-44 lane epi ou pa ka ansent aprè sis mwa ou fè ap fè sèks, san pwoteksyon.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Lòt Sèvis ki Kouvri

- Ekipman Medikal Dirab (DME, Durable Medical Equipment) / Aparèy pou Tande / Pwotèz / Ôtèz
- Sèvis Tribinal la mande
- Jesyon Dosye
- Ed pou jwenn sèvis sipò sosyal
- FQHC
- Planin Familyal
- Sèvis yon espesyalis swen pye

Avantaj Ou Kapab Jwenn Nan w lan OSWA Avèk Kat Medicaid Ou

Pou kèk sèvis, ou ka chwazi ki kote pou jwenn swen ou yo. Ou ka sèvi avèk kat manm MetroPlusHealth Partnership in Care ou a pou jwenn sèvis sa yo. Ou ka ale tou kay founisè k ap aksepte pran kat Avantaj Medicaid ou an. ***Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w pou w jwenn sèvis sa yo.*** Si w gen kesyon Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

Planin Familyal

Ou ka ale kay kenpòt doktè oswa nan kenpòt klinik ki aksepte Medicaid epi ki ofri sèvis planin familyal.

Oswa ou ka ale tou kay yonn nan founisè planin familyal nou yo. Kèlkilanswa, ou pa bezwen yon referans nan men PCP w lan.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Ou ka jwenn medikaman pou kontwòl nesans, aparèy pou kontwòl nesans (Aparèy anndan matris ak dyafragm) ki disponib ak yon preskripsyon, plis kontrasepsyon dijans, sterilizasyon, tès gwosès, swen anvan akouchman, ak sèvis avòtman. Ou kapab wè yon founisè planin famiyal tou pou tès ak tretman pou VIH ak enfeksyon seksyèlman transmisib (STI) ak konsèy ki gen rapò ak rezilta tès ou yo. Depistaj pou kansè ak lòt pwoblèm ki gen rapò ak kansè enkli tou nan vizit planin famiyal yo.

Depistaj VIH ak STI

Ou ka jwenn sèvis sa a nenpòt lè nan men PCP w oswa doktè MetroPlusHealth Partnership in Care yo. Lè ou resevwa sèvis sa nan kad yon vizit planin famiyal, ou ka ale kay nenpòt doktè oswa nan nenpòt klinik ki aksepte Medicaid epi ki ofri sèvis planin famiyal. Ou pa bezwen yon referans lè ou pran sèvis sa a kòm yon pati nan yon vizit planin famiyal.

Tout moun dwe pale ak doktè yo konsènan fè yon tès pou VIH. Pou w fè tès VIH gratis nan kominote a, rele liy dirèk pou VIH Eta Nouyòk la nan 800.872.2777 oswa 800.541.AIDS (2437). Pou Espanyòl, rele 800.233.SIDA (7432), ak pou TDD, 800.369.AIDS (2437).

Dyagnostik ak Tretman Tibèkiloz

Ou ka chwazi ale swa kay PCP w swa nan ajans sante piblik konte a pou dyagnostik ak/oswa tretman. Ou pa bezwen yon referans pou ale nan ajans sante piblik konte a.

Avantaj ki genyen lè w itilize KAT MEDICAID ou a sèlman

Gen kèk sèvis MetroPlusHealth Partnership in Care pa bay. Ou ka sèvi avèk kat Benefis Medicaid ou pou pran sèvis sa yo nan men nenpòt founisè ki aksepte Medicaid.

Famasi

Ou ka jwenn preskripsyon, medikaman yo vann san preskripsyon, manje likid, ak kèk zouti medikal nan nenpòt famasi ki pran Medicaid. Yon kopeman famasi ka obligatwa pou kèk moun, pou kèk medikaman ak atik famasi.

Kèk medikaman mande pou doktè w jwenn yon otorizasyon alavans Medicaid bay nou anvan l ekri preskripsyon an. Jwenn otorizasyon alavans se yon pwosesis ki senp pou doktè w e l pa anpeche w jwenn medikaman w bezwen.

Transpòtasyon

Medicaid kouvri transpò ijan ak sa ki pa ijan yo kouvri.

Pou w jwenn transpò ki pa ijan, oumenm oswa founisè w dwe rele Medical Answering Services (MAS) nan 844.666.6270. Si sa posib, ou menm oswa founisè w dwe rele LogistiCare omwen 3 jou anvan randevou medikal ou an epi bay nimewo idantifikasyon Medicaid ou (pa egzanp AB12345C), dat ak lè randevou a, adrès kote ou prale, ak doktè w ap wè a. Transpò ki pa ijan gen ladan l: machin pèsònèl, bis, taksi, anbilèt ak transpò piblik.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w gen aksè ak sèvis transpò, rele 844.666.6270 oswa vizite sit entènèt yo a nan medanswering.com.

Si ou gen yon ijans epi ou bezwen yon anbilans, ou dwe rele 911.

Andikap nan Devlopman

- Terapi alontèm
- Tretman lajounen
- Sèvis lojman
- Pwogram Kowòdinasyon Sèvis Medicaid (MSC)
- Sèvis ou resevwa dapre Pwogram Egzansyon Sèvis Nan Kay ak nan Kominote (Home and Community Based Services Waiver)
- Modèl medikal (Swen adomisil) sèvis renonsyasyon

Sèvis KI PA kouvri

Pa gen sèvis sa yo nan MetroPlusHealth Partnership in Care oswa Medicaid. Si w ap resevwa nenpòt nan sèvis sa yo, ou ka oblije peye bòdwo a.

- Operasyon pou w ranfòse bote w, si l pa nesèsè nan domèn medikal
- Atik pèsònèl ak atik pou konfò
- Sèvis nan men yon founisè ki fè pati MetroPlusHealth Partnership in Care, sof si li se yon founisè ou otorize w konsilte jan sa dekri lòt kote nan manyèl enfòmasyon sa a; MetroPlusHealth Partnership in Care oubyen PCP w voye w kay founisè sa a; yo se sèvis ijans.

Ou ka oblije peye pou kenpòt sèvis PCP w lan pa apwouve. Oswa, si ou dakò pou w se yon pasyan "peye prive" oswa "peye-oumenm" anvan ou pran yon sèvis, w ap gen pou peye pou sèvis la.

Sa konsène:

- sèvis ki pa kouvri yo (ki site pi wo a),
- sèvis ki pa otorize,
- sèvis founisè ki pa fè pati MetroPlusHealth Partnership in Care

Si W Resevwa yon Fakti

Si w resevwa yon fakti pou yon tretman oswa sèvis, epi ou pa panse ou ta dwe peye pou li, pa inyore bòdwo a. Rele MetroPlusHealth Partnership in Care nan 800.303.9626 tousuit.

MetroPlusHealth Partnership in Care ka ede w konprannrezon ki fè w te resevwa yon fakti. Si w pa responsab pou w peye, MetroPlusHealth Partnership in Care pral kontakte founisè a epi ede regle pwoblèm nan pou ou.

Ou gen yon dwa mande odyans san patipri si w panse y ap mande w peye pou yon bagay Medicaid oswa MetroPlusHealth Partnership in Care ta dwe kouvri. Al gade nan seksyon Odyans san Patipri

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

pi devan nan manyèl sa a.

Si w gen nenpòt kesyon, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

Sèvis Otorizasyon:

Otorizasyon Alavans:

Gen kèk tretman ak sèvis ou bezwen jwenn apwobasyon pou yo anvan ou resevwa yo oswa pou w anmezi kontinye resevwa yo. Se sa yo rele **otorizasyon alavans lan**. Oumenm oswa yon moun ou fè konfyans ka mande li. Tretman ak sèvis sa yo dwe apwouve anvan ou jwenn yo:

PCP w lan ka apwouve referans kay **Founisè ki Kolabore yo** pou:

- Swen espesyalize
- Sèvis laboratwa

Ou menm oswa PCP w la dwe jwenn OTORIZASYON nan men MetroPlusHealth Partnership in Care si:

- Yo refere w kay yon founisè ki pa nan rezo MetroPlusHealth Partnership in Care, sof si w dwe resevwa swen nan yon sal ijans
- Yo ba w yon referans pèmanan kay yon espesyalis
- Yo admèt ou nan yon lopital, sof si se yon ijans oswa pou akouche yon tibebe
- W ap fè operasyon kòm pasyan ekstèn nan kenpòt lopital eksepte yon lopital HHC
- W ap fè operasyon kosmetik nan nenpòt etablisman
- Resevwa tretman pou pwoblèm bann kay gason.
- Resevwa Swen kiwoprakti
- Resevwa Tès Prenatal oswa Jenetik
- Patisipasyon nan pwosè klinik
- Resevwa terapi enfizyon nan kay la
- Resevwa yon transplantasyon
- Resevwa yon transpòtasyon ki devlope nan lè a
- Resevwa yon transpòtasyon ki pa devlope
- Resevwa anestezi pou operasyon nan bouch
- Bezwen kontak
- Mande sèvis trans yo
- Mande Sèvis pou tretman
- Yo bay yon enfimye sèvis prive nan yon lopital
- Y ap entène w ou nan yon mezon retrèt wo nivo oswa yon sant reyadaptasyon grav, **ki gen ladan l tout sèvis doktè bay pandan yon admisyon nan yon sant swen enfimye wo nivo.**
- Yo admèt li nan yon lopital Terapi sou obsèvasyon dirèk pou maladi tibèkiloz
- Ou resevwa sèvis swen adomisil
- Ou resevwa Sèvis Ospis
- Ou resevwa Sèvis Swen Pèsonèl oswa Sèvis Pwogram Asistans Pèsonèl Kliyan Dirije

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Ou mande PERS (Sistèm Repons pou Ijans Pèsonèl)
- Ou resevwa Swen Sante Lajounen pou Adilt oswa Swen Sante Lajounen pou SIDA Adilt
- Ou resevwa Swen Etablisman Swen Enfimye Alontèm
- Jwenn ekipman medikal dirab (DME) sa gen ladan l otèz ak pwotèz, fòmil enteral ak ekipman (fòmil yo jwenn atravè manadjè benefis famasi)
- Ou resevwa plis pase 40 vizit terapi fizik, oswa 20 vizit terapi okipasyonèl oswa pou lapawòl, EPI ou nan youn nan kategori yo ki site anba a:
 - Timoun jouk rive nan 20 ane
 - Nenpòt moun ki gen yon andikap nan devlopman

Remak: Otorizasyon alavans pa obligatwa pou sèvis SUD pou moun ki entène sa gen ladan l pwosesis pou retire eleman toksik nan kò a, reyadaptasyon, oswa tretman nan rezidans OASAS otorize.

Lè w ap mande apwobasyon pou yon tretman oswa sèvis, yo rele sa yon **demann otorizasyon sèvis**. Pou w jwenn apwobasyon pou tretman oswa sèvis sa yo, ou dwe rele Sèvis Manm nan 800.303.9626, oswa ou ka voye yon faks nan 212.908.8521. Yon reprezantan Sèvis Manm ap reponn nenpòt kesyon w genyen sou pwosesis la epi l ap transfere apèl ou a bay Depatman Analiz pou Itilizasyon an (UR), si sa nesèsè.

W ap gen bezwen otorizasyon alavans tou si w ap resevwa yonn nan sèvis sa yo kounye a, men ou bezwen kontinye yo, oswa pou w jwenn plis swen. Se sa yo rele revizyon anmenmtan.

Kisa ki rive apre nou jwenn demann otorizasyon sèvis ou an:

Plan sante a gen yon ekip revizyon pou asire ou jwenn sèvis nou pwomèt yo. Nou tcheke ke sèvis ou mande a asire nan plan sante ou. Gen doktè ak enfimye nan ekip revizyon an. Travay yo se pou asire tretman oswa sèvis ou te mande a nesèsè medikalman e ke li bon pou ou. Yo fè sa kote yo verifiye plan tretman w lan parapò ak nòm ki akseptab sou plan medikal.

Nou ka decide pou nou refize yon demann otorizasyon sèvis oswa pou apwouve li pou yon kantite ki mwens pase sa ou mande a. Se yon pwofesyonèl swen sante kalifye ki pral pran desizyon sa yo. Si nou decide sèvis ou mande a pa nesèsè medikalman, se yon evalyatè kanmarad klinik ki gendwa yon doktè oswa ki gendwa yon pwofesyonèl swen sante ki founi anjeneral swen ou mande a ki pral pran desizyon an. Ou ka mande nòm medikal presi yo, ke yo rele **kritè revizyon klinik**, ke yo te itilize pou pran desizyon pou aksyon ki gen rapò ak nesèsite medikal.

Apre nou fin jwenn demann ou an, nou pral egzaminen li swa nan **metòd nòmal** oswa nan yon **metòd rapid**. Oumenm oswa doktè w ka mande yon revizyon rapid si nou kwè yon reta pral lakòz domaj grav pou sante ou. Si nou refize demann ou fè pou yon revizyon rapid la, nou pral di ou sa epi nou pral okipe dosye w lan dapre revizyon nòmal la.

Nou pral akselere ak revizyon ou an si:

- Yon reta pral seryezman riske sante ou, lavi ou, oswa kapasite pou fonksyone;

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Founisè ou di revizyon an dwe pi vit:
- W ap mande pou plis sèvis w ap resevwa kounye a;

Nan tout ka yo, nou pral egzaminen demann ou an ak vitès eta sante w egzijè pou nou fè l, men pa pita pase sa ki ekri anba a.

Nou pral di ni oumenm ni founisè w lan nan telefòn ak alekri si nou apwouve oswa refize demann ou an. Nou pral di w rezon nou tou pou desizyon an. Nou pral eksplike ki opsyon ou pral genyen pou apèl oswa odyans san patipri si ou pa dakò avèk desizyon nou an. (Al gade tou nan seksyon *Apèl Plan ak Odyans san Patipri* pi devan nan manyèl sa a.)

Delè pou demann otorizasyon alavans

- **Revizyon nòmal:** Nou pral pran yon desizyon sou demann ou an nan espas 3 jou ouvrab soti nan lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men n ap kontakte w pa pita pase 14 jou apre nou fin resevwa demann ou an. Anvan 14yèm jou a, no ap di w si nou bezwen plis enfòmasyon.
- **Revizyon rapid:** Nou pral pran yon desizyon, epi nou pral fè w siy nan espas 72 èdtan. Nou pral di w nan 72 èdtan si nou bezwen plis enfòmasyon.

Delè pou demann revizyon an menm tan

- **Revizyon nòmal:** N ap pran yon desizyon nan espas yon jou ouvrab soti nan lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men n ap kontakte w pa pita pase 14 jou apre nou fin resevwa demann ou an. Anvan 14yèm jou a, no ap di w si nou bezwen plis enfòmasyon.
- **Revizyon rapid:** N ap pran yon desizyon nan espas yon jou ouvrab soti nan lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo. Ou pral gen nouvèl nou apre 72 èdtan aprè nou fin resevwa demann ou an. N ap di w nan yon jou ouvrab si nou bezwen plis enfòmasyon.

Delè espesyal pou lòt demann:

- Si ou nan lopital la oswa ou fenk kite lopital la epi ou mande swen sante adomisil n ap pran yon desizyon pa pita pase 72 èdtan aprè demann ou an.
- Si w ap resevwa tretman kòm pasyan ki etène pou pwoblèm konsomasyon sibstans, epi ou mande plis sèvis omwen 24 èdtan anvan yo egzeyate w, n ap pran yon desizyon nan 24 èdtan aprè demann ou an.
- Si w ap mande pou sèvis sante mantal oswa twoub ki ka gen rapò ak yon parèt devan tribinal, nou pral pran yon desizyon nan 72 èdtan aprè demann ou an.
- Si ou ap mande pou yon medikaman sou preskripsyon pou pasyan ekstèn nou pral pran yon desizyon nan lespas 24 èdtan de demann ou an.
- Yon pwotokòl terapi pa etap vle di nou mande pou ou eseye yon lòt medikaman, anvan nou apwouve medikaman la ou mande a. Si wap mande pou apwobasyon pou ranplase yon pwotokòl terapi pa etap, nou pral pran yon desizyon ak 24 èdtan pou medikaman sou

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

preskripsyon pou pasyan ekstèn yo. Pou lòt medikaman, nou pral pran yon desizyon nan lespas 14 jou aprè demann ou an.

Si nou bezwen plis enfòmasyon pou pran swa yon desizyon nòmal oswa yon desizyon rapid sou demann sèvis ou an, nou pral:

- Ekri epi di w ki enfòmasyon ki nesèsè. Si demann ou an se yon revizyon rapid, nou pral rele w touswit epi voye yon avi alekri pita.
- Di w poukisa reta a se nan pi bon enterè ou.
- Pran yon desizyon pa pita pase 14 jou soti nan jou nou te mande plis enfòmasyon yo.

Oumenm, founisè w la, oswa yon moun ou fè konfyans ka mande tou pou nou pran plis tan pou pran yon desizyon. Se gendwa paske ou gen plis enfòmasyon pou w ba plan an pou ede deside sou dosye w lan. Sa ka fèt lè w rele 800.303.9626 oswa si w ekri nan:

MetroPlusHealth Partnership in Care Health Plan
50 Water Street
New York, NY 10004
Attention: Prior Authorization

Oumenm oswa yon moun ou fè konfyans ka pote yon plent bòkote plan an si nou pa dakò ak desizyon nou pou pran plis tan pou egzaminen demann lan. Oumenm oswa yon moun ou fè konfyans ka rele nan 800.206.8125 pou depoze yon plent sou tan revizyon an tou bòkote Depatman Sante Eta New York.

Nou pral fè w konnen anvan dat kote tan nou pou revizyon an ekspire. Men, si pou yon rezon kèlkonk nou pa fè w ankenn siy anvan dat sa, se menm bagay tankou si nou te refize demann sèvis otorizasyon ou an. Si nou pa reponn a yon demann pou ranplase yon pwotokòl terapi pa etap a tan, y ap apwouve demann ou an.

Si ou panse ke desizyon nou pran pou refize demann sèvis otorizasyon an pa bon, ou gen dwa pou depoze yon Apèl Plan avèk nou. Gade nan seksyon *Apèl Plan* pi devan nan manyèl sa a.

Lòt Desizyon Sou Swen Ou:

Pafwa nou pral fè yon revizyon anmenmtan pou swen w ap resevwa yo pou wè si ou bezwen swen yo toujou. Nou gendwa egzaminen tou lòt tretman ak sèvis ou resevwa deja yo. Se sa yo rele **revizyon annaryè**. Nou pral fè w konnen si nou pran lòt aksyon sa yo.

Delè pou lòt desizyon sou swen w:

- Nan pifò ka, si nou pran yon desizyon pou diminye, sispann oswa anile yon sèvis nou te apwouve deja, epi w ap resevwa kounye a, nou dwe di ou sa 10 jou omwen anvan nou chanje sèvis la.
- Nou dwe di w omwen 10 jou anvan nou pran nenpòt desizyon sou sèvis ak sipò alontèm yo,

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

tankou swen sante adomisil, CDPAS, swen sante chak jou pou adilt, ak swen nan mezon retrèt.

- Si n ap verifye swen yo te bay anvan yo, n ap pran yon desizyon konsènan pèman pou swen an nan espas 30 jou apre nou resevwa enfòmasyon nou bezwen pou revizyon pou dat ki te pase a. Si nou refize peman pou yon sèvis, n ap voye yon avi pou ou ak pou founisè w lan nan jou nou refize peman an. Avi sa yo se pa bòdwo. **Ou pa pral gen pou peye pou ankenn swen ou te resevwa ki te kouvri nan plan an oswa nan Medicaid menmsi nou refize peman pita pou founisè a.**

Kijan yo peye founisè nou yo

Ou gen yon dwa pou mande nou si nou gen nenpòt aranjman finansye espesyal ak doktè nou yo ki ta ka gen efè sou itilizasyon ou fè ak sèvis swen sante yo. Si ou gen enkyetid presi, ou ka rele Sèvis Manm nan 800.303.9626. Nou vle ou konnen tou yo peye pifò nan founisè nou nan yonn oswa nan plizyè nan fason annapre la yo.

- Si PCP nou yo travay nan yon klinik oswa sante sant, yo petèt gen yon **salè**. Kantite pasyan yo wè pa gen efè sou sa.
- PCP nou yo ki travay nan pwòp biwo pa yo ka gen yon frè fiks chak mwa pou chak pasyan yo sèvi kòm PCP pou yo. Frè a rete menm bagay kèlkanswa pasyan an bezwen yon vizit oswa plizyè -- oswa menm okenn ditou. Se sa yo rele **kapitasyon**.
- Pafwa founisè yo resevwa yon frè fiks pou chak moun ki sou lis pasyan yo, men yo ka kenbe enpe lajan (petèt 10%) pou yon fon **ankourajman**. Nan fen ane a, yo itilize fon sa a pou rekonpanse PCP ki te satisfè kritè pou peman anplis ke plan an te fikse.
- Yo ka peye founisè yo tou sou baz **depans-pou-sèvis**. Sa vle di yo gen yon frè yo te dakò ak plan an sou li pou chak sèvis yo bay.

Ou Ka Bay Èd Nan Règleman Plan an

Nou apresye lide ou yo. Ou ka ede nou devlope règleman ki sèvi manm nou yo pi byen. Si ou gen lide fè nou konnen yo. Petèt ou ta renmen travay ak youn nan manm konsèy oswa komite konsitatif yo. Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 pou konnen kijan ou ka ede.

Enfòmasyon ki soti nan Sèvis Manm

Men enfòmasyon ou ka jwenn lè w rele Sèvis Manm nan 800.303.9626:

- Yon lis non, adrès, ak tit Konsèy Administrasyon, Dirijan, Antite Kontwòl, Pwopriyete ak Patnè yo MetroPlusHealth Partnership in Care.
- Yon kopi pi resan sou eta finansye/bilan, rezime revni ak depans yo.
- Yon kopi pi resan kontra endividyèl peman dirèk manm lan.
- Enfòmasyon ki soti nan Depatman Sèvis Finansye konsènan plent kliyan kont MetroPlusHealth Partnership in Care.
- Fason nou kenbe dosye medikal ou yo ak enfòmasyon prive manm yo.
- Nou pral di w alekri kijan plan nou an verifye kalite swen yo bay manm nou yo
- Nou pral di w ak ki lopital founisè swen sante nou yo travay.
- Si w mande nou sa pa ekri, n ap di w ki pwosesis nou itilize pou egzamine pwoblèm oswa maladi plan nou an kouvri yo.
- N ap ekri, pou n di w kalifikasyon ki nesèsè ak kijan founisè swen sante yo ka aplike pou patisipe nan plan nou an.
- Si w mande nou sa, n ap di w (1) si kontra yo oswa kontra segondè nou yo gen ladan aranjman ankourajman pou doktè ki gen efè sou itilizasyon sèvis referans; epi, si genyen, (2) ki kalite aranjman nou itilize; ak (3) si yo bay pwoteksyon pou evite pèt pou doktè yo ak gwoup doktè yo.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Enfòmasyon sou fason konpayi nou an òganize ak kijan li fonksyone.

Kenbe nou okouran

Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 nenpòt lè chanjman sa yo rive nan lavi ou:

- Ou chanje non w, adrès oswa nimewo telefòn ou
- Ou gen yon chanjman nan kalifikasyon w pou Medicaid
- Ou ansent
- Ou akouche
- Gen yon chanjman nan asirans pou ou ak pitit ou yo
- Lè w enskri nan yon nouvo pwogram jesyon dosye oswa resevwa sèvis jesyon dosye nan yon lòt òganizasyon kominotè

Si w pa gen Medicaid ankò, verifye nan Depatman Sèvis Sosyal nan zòn nan. Ou ka enskri pitit ou a nan Child Health Plus, oswa enskri nan Pwogram Èd pou Medikaman SIDA.

ANILASYON ENSKRIPSYON AK TRANSFÈ

1. Si OU Vle Soti Nan Plan an

Ou ka eseye nou pou 90 jou. Ou ka kite MetroPlusHealth Partnership in Care epi antre nan yon lòt plan sante nenpòt lè pandan peryòd sa a. Si w pa kite nan premye 90 jou yo, ou dwe rete nan MetroPlusHealth Partnership in Care pou nèf mwa anplis, *sof* si ou vle antre nan yon lòt HIV SNP oswa ou gen yon bon rezon (rezon valab).

Men kèk egzanp rezon valab:

- Plan sante nou an pa satisfè egzijans Eta New York epi manm yo sibi domaj akòz li.
- Ou kite zòn sèvis ou a.
- Oumenm, plan an ak LDSS, yo tout dakò anilasyon enskripsyon an pi bon pou ou.
- Ou egzante oswa ou vin egzante oubyen eskli nan swen kontwole.
- Nou pa ofri yon sèvis swen kontwole Medicaid ke ou ka jwenn nan men yon lòt plan sante nan zòn ou an.
- Ou bezwen yon sèvis ki gen rapò ak yon benefis nou te chwazi pou pa kouvri, epi si w pran sèvis la apa, sa t ap mete sante ou arisk.
- Nou pa te anmezi ofri w sèvis jan nou gen obligasyon fè li dapre kontra nou ak Eta a.
- Ou se yon timoun SSI ki gen gwo pwoblèm emosyonèl e w ta renmen resevwa tretman ki gen rapò ak sa grasa frè-pou-sèvis Medicaid.

Pou w anile enskripsyon w lan oswa chanje plan.

- Ou ka rele anlwaye swen kontwole yo nan Depatman sèvis sosyal lokal ou a.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Si w ap viv nan rejyon Bronx, Kings, New York, Richmond oswa Queens, rele New York Medicaid Choice nan 800.505.5678. Konseye yo nan Medicaid Nouyòk ka ede w chanje plan sante oswa anile enskripsyon w lan.

Ou gendwa anmezi anile enskripsyon w oswa transfere nan yon lòt plan nan telefòn. Si ou dwe nan swen kontwole, ou pral gen pou chwazi yon lòt plan sante.

Li ka pran ant de ak sis semèn pou pwosesis la fini, sa depan de lè yo resevwa demann ou an. W ap jwenn yon avi ki di w chanjman an ap antre an vigè nan yon sèten dat. MetroPlusHealth Partnership in Care ap bay swen ou bezwen yo jouk rive nan moman sa.

Ou ka mande aksyon pi rapid si ou kwè tan pou pwosesis nòmal la ap lakòz domaj ajoute nan sante ou. Ou ka mande pou aksyon pi rapid si ou pote plent paske ou pa t dakò ak enskripsyon an. Annik rele depatman lokal sèvis sosyal New York Medicaid Choice nan 800.505.5678.

2. Ou ka vin pa kalifye pou Medicaid Managed Care ak Plan pou Bezwen Espesyal

Oumenm ansanm ak pitit ou gendwa oblije kite MetroPlusHealth Partnership in Care si oumenm ak pitit la:

- demenaje kite Rejyon an, zòn sèvis la, oswa Vil Nouyòk,
- chanje pou ale nan yon lòt plan swen kontwole,
- antre nan yon HMO oswa lòt plan asirans nan travay,
- ale nan prizon,
- pèdi kalifikasyon nan lòt fason, oswa
- si Plan pou Bezwen Espesyal la pa ka verifye kondisyon VIH ou oswa si w pa gen VIH oswa pou pa sanzabri ankò.

Oumenm ansanm ak pitit ou gendwa oblije kite MetroPlusHealth Partnership in Care si oumenm avè l:

- rantre nan yon Pwogram Pou Timoun Ki gen yon Andikap Fizik
- yon ajans ki gen yon kontra pou bay sèvis pou Depatman Sèvis Sosyal sa gen ladan l tout timoun ki nan dakèy san bliye tout timoun ki nan fanmi a nan Vil Nouyòk, oswa
- Depatman Sèvis Sosyal nan yon zòn ki pa resevwa sèvis plan pitit ou a genyen pou kounye a, oswa
- si w vin pa enskri nan Plan Bezwen Espesyal la ankò e pitit ou a pa gen VIH.

Si ou oblije kite MetroPlusHealth Partnership in Care oswa ou vin pa kalifye pou Medicaid, tout sèvis ou ka sispann sanzatan, sa gen ladan l nenpòt swen w resevwa nan kay. Rele New York Medicaid Choice nan **800.505.5678** tousuit si sa rive.

3. Nou Ka Mande pou w Kite MetroPlusHealth Partnership in Care si ou souvan:

- Ou refize kolabore avèk PCP w lan souvan pou sa ki konsènen swen ou yo,
- Ou pa respekte randevou yo souvan,
- Ale nan yon sal ijans pou swen medikal ki pa ijan,
- Pa suiv règ MetroPlusHealth Partnership in Care

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Ou pa ranpli fòm yo onètman oswa ou pa bay vre enfòmasyon (komèt fwod) souvan,
- Ou aji souvan nan fason ki fè li difisil pou nou fè sa ki pi bon pou ou ak pou lòt manm yo menm apre nou te eseye fikse pwoblèm yo

Ou ka pèdi enskripsyon w tou nan MetroPlusHealth Partnership in Care, si w lakòz abi oswa domaj pou manm yo, founisè oswa anplwaye plan an

4. Si ou pèdi Kouvèti Medicaid: Pwogram Swen VIH pou Moun ki pa gen asirans ka anmezi ede ou.

Si ou pozitif pou VIH epi ou pèdi kouvèti Medicaid, ou ka kalifye pou Pwogram Swen Depatman Sante Eta New York pou VIH pou moun ki pa gen asirans (ke yo rele ADAP tou). Pwogram yo bay kouvèti asirans limite pou swen ak tretman pou VIH. Si ou gen asirans sante prive, nou ka anmezi jwenn èd tou pou peye montan asirans ou yo. Rele 800.542.AIDS (2437) pou w jwenn plis enfòmasyon.

Kèlkanswa rezon ki fè enskripsyon w anile, n ap prepare yon plan egzeyat pou ou pou ede w jwenn sèvis ou bezwen yo.

Apèl Plan

Gen kèk tretman ak sèvis ou bezwen jwenn apwobasyon pou yo anvan ou resevwa yo oswa pou w anmezi kontinye resevwa yo. Se sa yo rele **otorizasyon alavans lan**. Lè w ap mande apwobasyon pou yon tretman oswa sèvis, yo rele sa yon **demann otorizasyon sèvis**. Pwosesis sa a dekri nan kòmansman nan manyèl sa a. Nenpòt desizyon nou pran pou nou refize yon demann otorizasyon sèvis oswa pou nou apwouve l pou yon kantite ki mwens pase sa w mande a rele yon **Premye Desizyon Negatif**.

Si w pa satisfè ak desizyon nou pran anrapò ak swen w yo, gen etap ou ka franchi.

Founisè ou ka mande yon nouvo egzamen:

Si nou te pran yon desizyon demann otorizasyon sèvis ou an pa t nesèsè sou plan medikal oswa li fè pati yon eksperyans oswa etid; epi nou pa t pale ak doktè w sou li, doktè w ka mande pou pale ak Direktè Medikal plan an. Direktè Medikal la ap pale ak doktè w la nan espas yon jou ouvrab.

Ou kapab depoze yon Apèl Plan:

Si ou panse ke desizyon nou pran pou refize demann otorizasyon sèvis ou an pa bon, ou ka mande nou pou nou regade ka ou a ankò. Sa rele yon **Apèl Plan**.

- Ou gen 60 jou apati dat avi desizyon ki pa an favè w la pou mande yon plan apèl.
- Ou ka rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 si w bezwen èd pou w mande yon Apèl Plan, oswa suiv etap pwosesis apèl la. Nou ka ede si ou gen nenpòt bezwen espesyal tankou yon pwoblèm pou tande oswa vizyon, oswa si ou bezwen sèvis tradiksyon.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Ou ka mande pou yon Apèl Plan, oswa ou ka gen yon lòt moun, tankou yon manm fanmi, zanmi, doktè oswa avoka, mande pou ou. Ou menm ak moun sa a ap bezwen siyen ak date yon deklarasyon ki di ke ou vle moun sa a reprezante ou.
- Nou pa pral trete w yon fason diferan ditou ni aji mal kont ou si w depoze yon Plan Apèl.

Ou ka rele oswa ekri pou mande yon Apèl Plan. Lè ou mande pou yon Apèl Plan, oswa pli vit apre,

Èd pou Kontinye pandan w ap fè apèl kont yon desizyon konsènan swen w:

Si nou deside diminye, sispann oswa sispann sèvis ou ap resevwa kounye a, ou ka kapab kontinye sèvis yo pandan w ap tann pou yo deside sou Apèl Plan w lan. Ou dwe mande Apèl Plan ou:

- **Nan lespas dis jou soti nan lè yo te di swen w ap chanje a; oswa**
- **Anvan dat kote chanjman nan sèvis yo pwograme pou fèt la, kèlkeswa sa ki pita.**

Si Kontestasyon Plan w lan fè fas ak yon lòt refi, ou ka oblije peye pri tout avantaj ou te kontinye resevwa yo.

Ou ap bezwen ba nou:

- Non w ak adrès ou
- Nimewo patisipan
- Sèvis ou te mande ak rezon (yo) pou apèl la
- Nenpòt enfòmasyon ou vle nou revize, tankou dosye medikal, lèt doktè oswa lòt enfòmasyon ki eksplike poukisa ou bezwen sèvis la.
- Nenpòt enfòmasyon espesifik nou te di nou te bezwen nan avi Desizyon Favorab Inisyal la.
- Pou ede w prepare kontestasyon apèl ou a, ou ka mande pou w wè enstriksyon yo, dosye medikal ak lòt dokiman nou te itilize pou n Pran Premye Desizyon Negatif la. Si Kontestasyon Plan w rapid, ka gen yon ti tan pou nou bay enfòmasyon ou vle nou revize a. Ou ka mande pou wè dokiman sa yo oswa pou mande yon kopi gratis lè w rele 800.303.9626.

Ban nou enfòmasyon ak materyèl yo pa telefòn oswa voye yo pa faks oswa imel:

Telefòn..... 800.303.9626
 Faks..... 212.908.8824
 Lapòs:.....Appeals Coordinator
 50 Water Street
 New York, NY 10004

Si ou mande pou yon Apèl Plan nan telefòn, sòf si li rapidman suiv, ou dwe voye tou Apèl Plan ou a alekri.

Si w mande sèvis oswa founisè ki pa nan rezo a:

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Si nou te di ke sèvis ou te mande a pa trè diferan de yon sèvis ki disponib nan yon founisè k ap patisipe, ou ka mande nou pou nou tcheke si sèvis sa a medikalman nesèsè pou ou. Ou pral gen bezwen pou mande doktè w voye enfòmasyon anba yo avèk apèl-kont-aksyon w lan:
 1. yon deklarasyon alekri nan men doktè w ki di sèvis ki pa nan rezo a se yon bagay ki diferan ak sèvis plan an ka bay yon founisè k ap ki nan rezo a. Doktè w la dwe yon doktè konsèy la sètifye oswa espesyalis ki kalifye ki trete moun ki bezwen sèvis w ap mande a.
 2. de dokiman medikal oswa syantifik ki pwouve sèvis ou ap mande a plis itil pou ou epi yo pa pral lakòz ou pi mal pase sèvis la ke plan an ka bay nan men yon founisè k ap patisipe.
- Si w panse founisè ki nan rezo nou an pa gen fòmasyon ki kòrèk oswa eksperyans pou bay yon sèvis, ou ka mande nou pou verifiye si li nesèsè medikalman pou ou refere bay yon founisè ki pa nan rezo a. Ou pral gen bezwen pou mande doktè w voye enfòmasyon anba yo avèk apèl ou an:
 1. yon deklarasyon alekri ki di founisè patisipan nou an pa gen fòmasyon kòrèk ak eksperyans pou satisfè bezwen ou yo, e
 2. ki rekòmande yon founisè ki pa nan rezo w ki gen fòmasyon ak eksperyans kòrèk la ki ka bay sèvis la.

Doktè w la dwe yon doktè konsèy la sètifye oswa espesyalis ki kalifye ki trete moun ki bezwen sèvis w ap mande a.

Si doktè w la pa voye enfòmasyon sa yo, n ap revize Apèl Plan w lan. Men, ou gendwa pa kalifye pou yon Apèl Ekstèn. Gade nan seksyon Apèl nan yon lòt konpayi pi devan nan manyèl sa a.

Kisa ki rive aprè nou jwenn Apèl Plan ou an:

- Nan lespas 15 jou, n ap voye ba ou yon lèt pou fè w konnen n ap travay sou Apèl Plan ou an.
- N ap voye yon kopi gratis nan dosye medikal yo ak nenpòt lòt enfòmasyon nou pral itilize pou fè desizyon apèl la. Si Apèl Plan ou an rapid, ka gen yon ti tan tou kout pou nou revize enfòmasyon sa a.
- Ou ka bay enfòmasyon k ap sèvi pou pran desizyon an pèsòn oswapa ekri. Rele MetroPlusHealth Partnership in Care nan 800.303.9626 si w pa fin sèten sou ki enfòmasyon pou w ba nou.
- Se pwofesyonèl swen sante kalifye ki pa te pran premye desizyon an ki pral pran desizyon sou Apèl Plan pou zafè klinik, epi youn nan yo omwen pral yon evalyatè ki nan menm domèn klinik lan.
- Se moun ki travay nan yon nivo ki pi wo pase moun ki te travay sou premye desizyon w lan ki pral okipe de desizyon ki pa-klinik yo.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Y ap ba w rezon ki fè nou pran desizyon an ak rezònman klinik nou, si sa aplike. Avi plan apèl pou refize demann ou an oswa pou apwouve l pou yon montan ki mwens pase sa yo mande a rele Desizyon defavorab final.
- Si ou panse ke Desizyon defavorab Final nou an pa bon:
 - ou ka mande yon Odyans ki jis. Al gade nan seksyon Odyans san Patipri nan manyèl sa a.
 - pou kèk desizyon, ou ka kapab mande yon Apèl Ekstèn. Gade seksyon apèl ekstèn nan manyèl sa a.
 - ou ka pote yon plent nan Depatman Sante Eta Nouyòk nan 800.206.8125.

Delè pou Apèl Plan yo:

- **Apèl Plan Nòmal yo:** Si nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, n ap di w desizyon nou an nan espas 30 jou soti nan lè ou te mande pou Apèl Plan w lan.
- **Apèl Plan Akselere:** Si nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, desizyon sou Apèl Plan Akselere yo pral fèt nan espas de jou ouvrab aprè Apèl Plan an, men pa plis pase 72 èdtan aprè ou te mande Apèl Plan ou a.
 - Nou pral di w nan 72 èdtan si nou bezwen plis enfòmasyon.
 - Si yo te refize demann ou lè ou te mande plis tretman kòm pasyan ki entèn pou konsomasyon sibstans omwen 24 èdtan anvan ou kite lopital la, n ap pran yon desizyon sou apèl ou an nan lespas 24 èdtan.
 - Nou pral di w desizyon nou an pa telefòn epi voye yon avi alekri pita.

Yo pral revize Apèl Plan ou an avèk metòd rapid la si:

- Si oumenm oswa doktè w mande pou fè Apèl Plan ou revize nan kad pwosesis rapid la. Doktè w la ap gen pou l esplike nan ki sans yon reta nan pwosesis la ap gen move konsekans sou sante w. Si nou refize demann ou fè pou yon metòd rapid, n ap di w e n ap revize Apèl Plan ak metòd nòmal la; **oswa**
- Yo te refize demann ou lè ou te mande pou kontinye resevwa swen w ap pran kounye a oswa si ou bezwen pwolonje yon sèvis ki te bay; **oswa**
- Yo te refize demann ou lè ou te mande swen sante adomisil apre ou te nan lopital; **oswa**
- Yo te refize demann ou a lè w te mande plis tretman pou konsomasyon dwòg omwen 24 èdtan anvan ou kite lopital la.

Si nou bezwen plis enfòmasyon swa pou yon desizyon nòmal oswa pou yon desizyon rapid sou kontesasyon w lan, nou pral:

- Ekri w epi di w ki enfòmasyon ki nesèsè. Si demann ou an se yon revizyon rapid, nou pral rele w touswit epi voye yon avi alekri pita.
- Di w poukisa reta a se nan pi bon enterè ou.
- Pran yon desizyon pa pita pase 14 jou soti nan jou nou te mande plis enfòmasyon yo.

Oumenm, reprezantan ou an ka mande tou pou nou pran plis tan pou pran yon desizyon. Se gendwa paske ou gen plis enfòmasyon pou w ba plan an pou ede w decide sou dosye w lan. Sa ka fèt lè w rele 800.303.9626 oswa ekri.

Oumenm oswa yon reprezantan ou ka pote yon plent ak plan an si nou pa dakò ak desizyon nou pou pran plis tan pou revize Apèl Plan ou an. Oumenm oswa yon moun ou fè konfyans ka rele nan 800.206.8125 pou depoze yon plent sou tan revizyon an tou bòkote Depatman Sante Eta New York.

Si ou pa resevwa yon repons pou Apèl Plan ou a oswa nou pa decide a tan, tankou ekstansyon, ou ka mande pou yon Odyans san Patipri. Al gade nan seksyon Odyans san Patipri nan manyèl sa a.

Si nou pa decide Apèl plan ou a tan, e nou te di sèvis ou ap mande a se: 1) pa medikalman nesèsè; 2) eksperyans oswa envestigasyon; 3) pa diferan de swen ou ka jwenn nan rezo plan an; oswa 4) disponib nan men yon founisè k ap patisipe ki gen fòmasyon kòrèk ak eksperyans pou satisfè bezwen ou yo, refi orijinal la pral ranvèse. Sa vle di demann otorizasyon sèvis ou an pral apwouve.

Apèl Ekstèn

Ou gen lòt dwa pou apèl si nou te di ke sèvis ou ap mande a se:

1. pa medikalman nesèsè;
2. pou eksperyans oswa ankèt;
3. pa diferan de swen ou ka jwenn nan rezo plan an; oswa
4. disponib nan men yon founisè ki nan rezo a ki gen fòmasyon kòrèk ak eksperyans pou reponn ak bezwen w yo.

Pou tip de desizyon sa yo, ou ka mande Leta Nouyòk pou yon Apèl an **Apèl Ekstèn** endepandan. Yo rele li yon Apèl Ekstèn paske se evalyatè ki pa travay pou plan sante a oswa pou eta a ki decide sou li. Evalyatè sa yo se moun ki kalifye eke Leta Nouyòk apwouve. Sèvis la dwe nan pake avantaj plan an oswa li dwe yon tretman eksperyans, rechèch klinik oswa tretman pou yon maladi ki ra. Ou pa gen pou peye pou yon Apèl Ekstèn.

Anvan ou mande yon Apèl Ekstèn:

- Ou dwe depoze yon Apèl Plan epi jwenn detèminasyon Final Adverse plan an; oswa
- Si ou pa resevwa sèvis la, epi ou mande yon Apèl Plan rapid ak plan an, ou ka mande yon Apèl Ekstèn akselere nan menm moman an. Fòk doktè w di yon Apèl Ekstèn akselere nesèsè; **oswa**
- Oumenm ak plan an ka dakò pou sote metòd apèl plan an epi ale dirèkteman nan Apèl Ekstèn; **oswa**
- Ou ka pwouve ke plan an pa te swiv règleman yo kòrèkteman lè li t ap trete Apèl Plan w lan.

Ou gen **kat mwa** aprè ou fin resevwa Desizyon Negatif Final plan an pou w mande yon Apèl ak yo

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

lòt enstitisyon. Si oumenm ak plan an te dakò pou sote metòd apèl plan an, lè sa ou dwe mande apèl ak yon lòt enstitisyon nan espas kat mwa soti nan lè ou te fè antant lan.

Pou mande yon Apèl Ekstèn, ranpli yon aplikasyon epi voye li nan Depatman Sèvis Finansye. Ou ka rele Sèvis Kliyan nan 800.303.9626 si ou bezwen èd pou ou ranpli yon apèl. Oumenm ak doktè w yo pral oblije bay enfòmasyon sou pwoblèm medikal ou an. Aplikasyon pou Apèl Ekstèn lan di ki enfòmasyon ki pral nesèsè.

Men kèk fason ou ka jwenn yon aplikasyon:

- Rele Depatman Sèvis Finansye a nan 800.400.8882
- Ale sou sit entènèt Depatman Sèvis Finansye a ki se **dfs.ny.gov**,
- Kontakte plan sante a nan 800.303.9626

Yo pral deside sou Apèl Ekstèn ou an nan espas 30 jou. Yo ka bezwen plis tan (jiska senk jou ouvrab) si moun ki responsab analize kontestasyon endepandan w lan mande plis enfòmasyon. Y ap fè oumenm ak asirans lan konnen desizyon final la nan espas de jou apre yo fin pran desizyon an.

Ou ka jwenn yon desizyon pi rapid si:

- Doktè w di yon reta pral lakòz domaj grav pou sante ou: oswa
- Ou nan lopital apre yon vizit nan sal ijans epi plan an refize swen lopital yo.

Se sa yo rele yon **Apèl Ekstèn Akselere**. Evalyatè Apèl Ekstèn lan pral deside sou yon apèl akselere nan espas 72 èdtan oswa mwens.

Si ou te mande plis tretman kòm pasyan ki entène pou pwoblèm konsomasyon sibstans omwen 24 èdtan anvan ou kite lopital la, nou pral kontinye peye pou sejou w lan si:

- ou mande yon Apèl Ekstèn rapid nan espas 24 èdtan, EPI
- ou mande yon Apèl Ekstèn rapid nan menm moman an.

Nou pral kontinye peye pou sejou ou jiskaske gen yon desizyon ki pran sou apèl ou yo. Nou pral pran yon desizyon sou Apèl Plan rapid ou an nan 24 èdtan. Yo pral deside sou Apèl Ekstèn rapid la nan 72 èdtan.

Evalyatè Apèl Ekstèn lan pral fè oumenm ak plan an konnen desizyon an touswit nan telefòn oswa pa faks. Apre sa, y ap voye yon lèt ki gen desizyon an pou ou.

Si ou mande yon Apèl Plan, epi ou resevwa yon Desizyon Defavorab Final ki refize, diminye, sispann oswa sispann sèvis ou, ou ka mande pou yon Odyans san Patipri. Ou ka mande yon Odyans san Patipri epi mande yon Apèl Ekstèn, oswa tou de. Si ou mande tou de, yon Odyans san Patipri epi yon Apèl ak yon Lòt Konpayi, desizyon responsab odyans san patipri a pral desizyon ki konte a.

Odyans San patipri

Ou ka mande Eta Nouyòk yon Odyans san patipri nan si:

- Ou pa kontan ak yon desizyon Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a oswa Depatman Sèvis Sosyal oswa DepatmanSante Eta a te fè sou tan w te fè oswa kite w kite MetroPlusHealth Partnership in Care.
- Ou pa kontan ak yon desizyon nou te fè pou limite sèvis nou yo. Ou santi desizyon an limite avantaj Medicaid ou yo. Ou gen 60 jou de dat *Avi Entansyon pou Limite* pou mande yon Odizyon san Patipri. Si w mande pou yon odyans san patipri nan entèval 10 jou *Avi Entansyon pou mete limit* la, oswa nan date limit sa antre an vigè a, selon dat ki pi ta a, ou ka kontinye jwenn sèvis yo jiskaska desizyon Odyans san patipri a. Sepandan, si ou pèdi Odyans san Patipri a, ou ka oblije peye pri pou sèvis ou resevwa pandan w ap tann desizyon an.
- Ou pa kontan ak yon desizyon doktè w pap bay lòd pou sèvis ou te vle. Ou santi desizyon doktè a koupe oswa limite avantaj Medicaid ou yo. Ou dwe depoze yon plent nan MetroPlusHealth Partnership in Care. Si MetroPlusHealth Partnership in Care dakò avèk doktè w la, ou ka mande yon Apèl Plan. Si ou resevwa yon Desizyon Defavorab Final, ou pral gen 120 jou ki soti nan dat Desizyon Defavorab Final la pou mande yon Odyans san Patipri Leta.
- Ou pa kontan ak yon desizyon nou te pran konsènan swen w. Ou santi desizyon an limite avantaj Medicaid ou yo. Ou pa kontan nou te deside pou!
 - redui, sispann oswa kanpe swen w ap resevwa; oswa
 - refize swen ou te vle;
 - refize peye pou swen ou te resevwa yo; oswa
 - pa t kite ou diskite yon kantite lajan ko-peye, lòt kantite lajan ou dwe, oswa pèman ou te fè pou swen sante w.
- Ou dwe mande dabò yon Apèl Plan epi resevwa yon Desizyon Defavorab Final. Ou pral gen 120 jou soti de dat Desizyon Defavorab Final la pou mande yon Odyans san Patipri Leta.

Si w te mande yon Apèl Plan, epi ou resevwa yon Desizyon Negatif Final ki diminye, sispann oswa koupe swen ou ap resevwa kounye a, ou ka kontinye jwenn sèvis doktè ou te bay lòd pandan w ap tann pou Odyans san Patipri ou a pou w deside. Ou dwe mande yon odyans san patipri nan espas 10 jou apati dat Desizyon Defavorab Final la oswa pandan tan pou aksyon an pran efè, kèlkeswa ki vini aprè a. Sepandan, si ou chwazi pou mande pou sèvis yo kontinye, epi ou pèdi Odyans san Patipri a, ou ka oblije peye pri pou sèvis ou te resevwa pandan w ap tann yon desizyon.

- Ou te mande pou yon Apèl Plan, epi tan pou nou deside Apèl Plan ou an ekspire, ki gen ladan nenpòt ekstansyon. Si ou pa resevwa yon repons pou Apèl Plan ou a oswa nou pa deside a tan, ou ka mande pou yon Odyans san Patipri.

Desizyon ou resevwa nan men responsab odyans san patipri a pral final.

Ou ka sèvi ak youn nan fason annapre la yo pou mande yon Odyans san Patipri:

- Pa telefòn, rele nimewo gratis nan 800.342.3334
- Pa faks -518.473.6735
- Pa entènèt - otda.state.ny.us/oah/forms.asp
- Pa lapòs – New York State Office of Temporary and Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
Managed Care Hearing Unit
P.O. Box 22023

Lè w mande yon odyans san patipri konsènan yon desizyon MetroPlusHealth Partnership in Care te pran, nou dwe voye ba ou yon kopi **prèv dosye a**. Sa yo se enfòmasyon nou te itilize pou pran desizyon nou an osijè swen ou yo. Plan an pral bay responsab odyans lan enfòmasyon sa yo pou eksplike aksyon nou an. Si pa gen ase tan pou voye yo pou ou pa lapòs, nou pral pote yon kopi pake prèv yo nan odyans la pou ou. Si w pa resevwa pake prèv ou an anvan semèn ki anvan odyans ou an, ou ka rele nan 800.303.9626 pou mande li.

Sonje byen, ou ka rele nan pou w pote plent nenpòt lè nan Depatman Sante Eta Nouyòk 800.206.8125.

Fason Pou W Depoze Yon Plent

Plent

Nou swete plan asirans maladi nou an ba w bon sèvis. Si w gen yon pwoblèm, pale ak PCP ou, oswa rele oubyen ekri Sèvis Manm lan. Pifò pwoblèm yo ka rezoud kounye a. Si w gen yon pwoblèm oswa litij konsènan swen oswa sèvis ou yo, ou ka pote yon plent bò kote plan an. Yo pral okipe de pwoblèm ki pa rezoud touswit nan telefòn, ak nenpòt plent ki vini pa lapòs dapre pwosedi plent nou an ki dekri anba la.

Ou ka rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 si ou bezwen èd pou pote yon plent, oswa suiv etap pwosesis plent lan. Nou ka ede si ou gen nenpòt bezwen espesyal tankou yon pwoblèm pou tande oswa vizyon, oswa si ou bezwen sèvis tradiksyon.

Nou pa pral fè bagay yo difisil pou ou, ni pran sanksyon kont ou poutèt ou pote yon plent.

Ou gen yon dwa pou kontakte Depatman Sante Eta New York konsènan plent ou an nan 800.206.8125 oswa ekri nan: Complaint Unit, Bureau of Consumer Services, OHIP DHPCO 1CP-1609, New York State Department of Health, Albany, New York 12237.

Ou ka kontakte pito Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk nan nimewo telefòn pou plent nan 800.597.8481.

Ou ka kontakte Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a tou avèk plent ou a nenpòt ki lè. Ou ka rele Depatman Sèvis Finansye Eta New York nan 800.342.3736 si plent ou an konsènen yon pwoblèm fakti.

Fason pou Pote yon Plent ak plan nou an

Ou ka pote yon plent, oswa ou ka gen yon lòt moun, tankou yon manm fanmi, zanmi, doktè oswa avoka, pote plent lan pou ou. Ou menm ak moun sa a ap bezwen siyen ak date yon deklarasyon ki di ke ou vle moun sa a reprezante ou.

Pou fè l pa telefòn, rele Sèvis Kliyan nan 800.303.9626, Lendi jiska Samdi soti 8 am - 8pm. Si w rele lè nou fèmen, kite yon mesaj. Nou pral tounen w apèl la nan pwochen jou ouvrab la. Si nou bezwen plis enfòmasyon pou pran yon desizyon, nou pral di w sa.

Ou voye plent ou an alekri bay:

MetroPlusHealth Partnership in Care Health Plan
50 Water Street
New York, NY 10004
Attention: Complaints Manager

Oswa rele nimewo sèvis Manm epi mande yon fòmilè plent. Ou dwe voye l bay:

MetroPlusHealth Partnership in Care Health Plan
50 Water Street
New York, NY 10004
Attention: Complaints Manager

Sa k ap rive apre sa

Si nou pa rezoud pwoblèm nan touswit nan telefòn oswa apre nou fin jwenn plent ou an alekri, n ap voye yon lèt ba ou nan yon delè 15 jou ouvrab. Lèt la ap fè w konnen:

- kiyès k ap travay sou plent ou an,
- kijan pou kontakte Medicaid, ak
- si nou bezwen plis enfòmasyon.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

Ou ka bay enfòmasyon y ap sèvi pou analize plent ou an, an pèsòn oswa alekri. Rele MetroPlusHealth Partnership in Care nan 800.303.9626 si w pa fin sèten sou ki enfòmasyon pou w ba nou.

Youn oswa plizyè moun kalifye ap analize plent ou a. Si plent ou a gen rapò ak kesyon medikal, youn oswa plizyè pwofesyonèl swen sante kalifye pral analize dosye w la.

Aprè nou fin egzaminen plent ou an:

- N a fè w konnen desizyon nou pran an nan 45 jou yo ki vini aprè nou fin gen tout enfòmasyon nou bezwen pou pran yon desizyon anrapò ak plent ou a, men n ap kontakte w nan 60 jou pou pita apati jou nou te resevwa plent ou a. N ap ekri w, epi n ap di w rezon ki fè se desizyon sa a nou pran.
- Si yon delè ta ka reprezante yon danje pou sante w, n ap fè w konnen desizyon nou an nan 48 jou apati jou nou fin gen tout enfòmasyon nou bezwen pou nou pran yon desizyon sou plent ou a, men n ap kontakte w nan sèt jou apati jou nou resevwa plent ou a. N ap rele w pou nou di w desizyon nou pran an oswa eseye kontakte w pou n fè w konnen. W ap resevwa yon lèt pou suivi lèt nou an nan twa jou ouvab.
- N ap di w sa pou w fè pou w konteste desizyon nou an si w pa satisfè epi n ap mete tout fòmilè ou ka bezwen yo.
- Si nou pa anmezi pran yon desizyon sou plent ou an paske nou pa gen ase enfòmasyon, n ap voye yon lèt ba ou pou fè ou konnen sa.

Apèl plent

Si w pa dakò ak yon desizyon nou pou pran anrapò ak plent ou a, oumenm oswa yon moun ou fè konfyans ka depoze yon **kontestasyon anrapò ak yon plent** nan asirans la.

Fason pou fè yon apèl pou plent:

- Si w pa satisfè ak sa nou deside, ou gen omwen 60 jou ouvab aprè nou fin kontakte w pou w depoze yon kontestasyon plent;
- Ou ka fè sa oumenm oswa mande yon moun ou fè konfyans pou ranpli apèl plent lan pou ou;
- Apèl pou plent lan dwe fèt alekri. Si w fè yon apèl pou plent nan telefòn, suivi a dwe fè alekri ak:

MetroPlusHealth Partnership in Care Health Plan
50 Water Street
New York, NY 10004
Attention: Complaints Manager

Kisa ki rive aprè nou jwenn kontestasyon pou plent ou a:

Aprè nou jwenn apèl pou plent ou an n ap voye yon lèt ba ou nan lespas 15 jou ouvab. Lèt la ap fè w konnen:

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- kiyès k ap travay sou apèl pou plent ou an,
- kijan pou kontakte moun lan, ak
- si nou bezwen plis enfòmasyon.

Youn oswa plizyè moun kalifye ki nan yon nivo ki pi wo pase moun ki te pran premye desizyon anrapò ak plent ou a pral analize kontestasyon anrapò ak plent ou a. Si kontestasyon anrapò ak plent ou a gen rapò ak kesyon medikal, youn oswa plizyè pwofesyonèl swen sante ki kalifye pral analize dosye w la, e ap gen omwen youn ladan yo k ap patisipe nan revizyon medikal la, ki pa t patisipe nan premye desizyon konsènan plent ou a.

Si nou jwenn tout enfòmasyon nou bezwen yo, n ap fè w konn desizyon nou pran an nan 30 jou ouvrab. Si yon reta ta met sante w an danje, w ap jwenn desizyon nou an nan de jou ouvrab apati jou nou resevwa tout enfòmasyon nou bezwen pou nou pran yon desizyon konsènan kontestasyon an. Y ap ba w rezon ki fè nou pran desizyon an ak rezonman klinik nou, si sa aplike. Si w toujou pa satisfè, oumenm oswa youn moun ka depoze yon plent nan non w nenpòt lè nan Depatman Sante Eta New York nan 800.206.8125.

DWA AK RESPONSABLITE MANM YO

Dwa w

Antanke youn manm MetroPlusHealth Partnership in Care, ou gen youn dwa:

- Pou yo pran swen w ak respè, san gade sou eta sante, sèks, ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, laj, eta sivil oswa preferans seksyèl.
- Pou yo di w kibò, kilè ak kòman pou w fè pou jwenn sèvis ou bezwen nan men MetroPlusHealth Partnership in Care.
- Pou PCP w lan di w nan lang ou konprann, ki pwoblèm ki genyen, kisa yo ka fè pou ou, epi kisa rezilta a gen anpil chans pou l ye.
- Pou jwenn youn dezyèm opinyon osijè swen ou yo.
- Pou bay OKE w pou kenpòt tretman oswa plan swen apre plan te byen eksplike w yo nèt.
- Pou refize swen epi pou yo di w kisa ou riske si ou fè sa.
- Pou refize enskripsyon nan yon Kay Sante (Health Home) epi pou yo di kijan pou w resevwa bezwen swen sante fizik ak konpòtmantal ou yo san ou pa gen youn Kowòdonatè Swen Sante Adomisil ki asiyen pou ou.
- Pou jwenn youn kopi dosye medikal ou, epi pale sou li ak PCP ou an, ak pou mande, si sa nesèsè, pou yo modifye oswa korije dosye medikal ou.
- Asire w dosye medikal ou prive e li pap pataje ak pyès moun apa sa, lalwa, ak kontra a egzije yo, oswa moun ou apwouve pou sa.
- Sèvi ak sistèm plent MetroPlusHealth Partnership in Care la pou w rezoud nenpòt plent, oswa ou ka pote plent bòkote Depatman Sante Eta New York oswa nan New York State of Health nenpòt lè ou santi yo pa te trete w egalego.
- Pou sèvi ak sistèm Odyans san Patipri Eta a.

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

- Pou nonmen yon moun (fanmi, zanmi, avoka, elatriye) pou pale pou ou si ou pa anmezi pale pou tèt ou osijè swen ak tretman ou.
- Resevwa swen sante avèk respè ak konsiderasyon nan yon kote ki pwòp epi san danje, san yo pa imobilize w si sa pa nesesè.

Responsablite w

Antanke yon manm MetroPlusHealth Partnership in Care, ou dakò pou w:

- Travay ansanm ak ekip swen w lan pou pwoteje ak amelyore sante ou.
- Chèche konnen kijan sistèm swen sante w lan fonksyone.
- Koute konsèy PCP w ak poze kesyon lè ou gen dout.
- Rele PCP w oswa tounen kote li si ou pa vin miyò, oswa mande yon dezyèm opinyon.
- Trete anplwaye swen sante yo ak respè ou atann pou tèt pa ou.
- Fè nou konnen si ou gen pwoblèm avèk nenpòt anplwaye swen sante. Rele Sèvis Manm.
- Kenbe randevou w yo. Si ou dwe anile, rele pi vit ou kapab.
- Sèvi ak sal dijans la pou ijans reyèl sèlman.
- Rele PCP w lè ou bezwen swen medikal, menmsi se apre lè biwo.

Desizyon Alavans

Ka rive yon tan kote ou paka deside sou pwòp swen sante pa ou. Si w planifye davans, ou ka fè aranjman kounye a pou yo respekte volonte ou yo. Premyèman, fè fanmi, zanmi ak doktè w konnen ki kalite tretman ke ou vle oswa ou pa vle. Dezyèmman, ou ka chwazi yon adilt ou fè konfyans pou pran desizyon yo pou ou. Asire ou pale ak PCP w, fanmi w oswa lòt moun pwòch ou, konsa yo pral konnen kisa ou vle. Twazyèmman, li pi bon si ou mete panse w yo alekri. Dokiman yo ki site anba la a ka ede w. Ou pa oblije sèvi ak yon avoka, men ou ta dwe pale ak yonn sou sa. Ou ka chanje lide w epi chanje dokiman sa yo kenpòt lè. Nou ka ede w konprann, oswa ede w jwenn dokiman sa yo. Yo pa chanje dwa ou genyen pou jwenn benefis swen sante bon jan kalite. Sèl objektif la se pou fè lòt moun yo konnen kisa ou vle si ou paka pale pou tèt pa ou.

Manda pou Swen Sante - Avèk dokiman sa a, ou chwazi yon lòt granmoun ou fè konfyans (anjeneral yon zanmi oswa yon manm fanmi) pou deside sou swen medikal pou ou si ou pa ka fè sa. Si ou fè sa, ou ta dwe pale ak moun lan dekwa pou li konnen kisa ou vle.

CPR ak DNR - Ou gen yon dwa pou deside si ou vle kenpòt tretman espesyal oswa ijans pou refè kè oswa poumon w fonksyone si respirasyon w oswa sikilasyon w kanpe. Si ou pa vle tretman espesyal, ankontan reanimasyon kadyopilmonè (CPR), ou dwe fè konnen volonte w alekri. PCP w lan ap bay yon lòd DNR (Pa Reyanime) pou dosye medikal ou yo. Ou ka jwenn yon fòm DNR tou pou pote sou ou ak/oswa yon braslè pou w mete ki pral fè tout founisè medikal ijans yo konnen volonte w.

(Nòt: Yo kite paj sa a vid volontèman pou kite espas pou fè adaptasyon lokal.)

Nimewo telefòn enpòtan

PCP w.....	
MetroPlusHealth Partnership in Care	
Sèvis Manm.....	800.303.9626
Lòt Depatman (pa egzanp, Liy Asistans Enfimyè, Revizyon Itilizasyon, elt.)	
Sal Dijans ki pi pre w lan.....	
DentaQuest (Swen pou Dan).....	844.284.8819
Depatman Sante Eta New York (Plent).....	800.206.8125
Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk (Plent).....	800.597.8481
Plent OASAS line.....	518.473.3460
Pwogram kontak Ombudsman:	
CHAMP.....	888.614.5400
imel: Ombuds@oasas.ny.gov	
Depatman Sèvis Sosyal:	
Rejyon w	
Zòn ou.....	
Enfòmasyon sou Medicaid Managed Care Eta Nouyòk	
New York Medicaid Choice.....	800.505.5678
Medical Answering Services (transpò ki pa ijan)	844.666.6270
Liy Dirèk Eta Nouyòk.....	800.541.AIDS (2437)
Espanyòl.....	800.233.SIDA (7432)
TDD.....	800.369.AIDS (2437)
Sèvis Asistans nan Telefòn nan Vil Nouyòk pou VIH/SIDA	
(Anglè ak Panyòl)....	800.TALK.HIV (8255.448)
Pwogram Swen Sante pou Moun ki gen VIH epi ki pa Gen Asirans	800.542.AIDS (2437)
TDD..... Transmisyon, apresa	518.459.0121
Child Health Plus.....	855.693.6765
Asirans sante gratis oswa bon mache pou timoun	
Rezo Endepandan Defans Konsomatè	
(Independent Consumer Advocacy Network, ICAN)	844.614.8800 (TTY: 711)
https://www.icannys.org imel: ican@cssny.org	
Pwogram Asistan pou PartNer.....	800.541.AIDS (2437)
In New York City (CNAP).....	212.693.1419
Administrasyon Sekirite Sosyal.....	800.772.1213

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY: 711

Kriz Sante Konpòtman: 866.728.1885

AIDS Clinical Trials Information Service (ACTIS)	800.874.2572
Liy Dirèk Pou Vyolans nan Fwaye.....	800.942.6906
Espanyòl.....	800.942.6908
Moun ki gen pwoblèm pou tande.....	800.810.7444
Liy Enfòmasyon Lwa Anfavè Ameriken Andikape (ADA, Americans with Disabilities Act).....	800.514.0301
TDD.....	800.514.0383
Local Famasi	--- ---
Lòt Founisè Swen Sante:	--- ---

Sit Entènèt Enpòtan

Plan Asirans MetroPlusHealth Partnership in Care
metroplus.org

New York State Department of Health/Depatman Sante Eta New York
health.ny.gov

OMH Eta Nouyòk
omh.ny.gov

OASAS Vil Nouyòk
oasas.ny.gov

Enfòmasyon DOH VIH/SIDA Eta Nouyòk
treathiv1.com/info

Pwogram Swen Sante pou Moun ki gen VIH nan Eta Nouyòk epi ki pa Gen Asirans
health.state.ny.us/diseases/aids/resources/adap/index.htm

Lis Kontak pou Tès VIH
health.ny.gov/diseases/aids/general/resources/resource

NYC DOHMH
health.ny.gov

Enfòmasyon sou VIH/SIDA nan NYC DOHMH
nyhiv.com/office_of_aids_policy_dohmh_hiv_aids_bureau.html



Anvigè 19 Jiyè 2022

MetroPlus Health Plan
50 Water Street, 7th Floor
New York, NY 10004

Sit Entènèt: www.metroplus.org

Telefòn Jeneral 1-800-303-9626

TTY: 711

Imel: PrivacyOfficer@metroplus.org

Enfòmasyon w.

Dwa w.

Responsablite w.

Avi sa a dekri fason yo ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou ak fason ou ka jwenn aksè nan enfòmasyon sa a. **Tanpri gade l avèk atansyon.**

Dwa w

Depi se enfòmasyon sou sante w, gen kèk dwa ou genyen. Seksyon sa a eksplike dwa w yo ak kèk nan responsablite nou genyen pou nou ede w.

Jwenn yon kopi dosye sante ak reklamasyon w yo.

- Ou ka mande pou w wè oswa jwenn yon kopi dosye sante ak reklamasyon w ak lòt enfòmasyon konsènan sante w nou genyen pou ou. Mande nou fason pou w fè sa.
- N ap bay yon kopi oswa yon rezime dosye sante ak reklamasyon w, an jeneral nan espas 30 jou aprè w fin fè demann nan. N ap fè w peye \$0.75 (75 santim) pou chak paj kopi ou mande.

Mande nou pou nou korije dosye sante ak reklamasyon yo

- Ou ka mande nou korije dosye sante ak reklamasyon w yo si w panse yo pa kòrèk oswa yo enkonplè. Mande nou fason pou w fè sa.
- Nou ka di "non" pou demann ou an, men n ap ekri w pou nou di w rezon an nan espas 60 jou.

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou kontakte w nan yon fason byen presi (pa egzanp, telefòn kay oswa biwo) oswa voye koli nan yon lòt adrès.
- N ap konsidere tout demann ki rezonab, epi dwe di "wi" si w di nou w ap an danje si nou pa fè sa.

rès la nan pwochen paj la

Mande nou pou limite sa nou itilize oswa pataje

- Ou ka mande nou pou nou **pa** itilize oswa pataje kèk enfòmasyon sou sante pou tretman, pèman, oswa operasyon nou yo.
- Nou pa oblije dakò ak demann ou fè a, e nou ka di "non" si li ta ka gen konsekans sou swen w.

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon avè yo

- Ou ka mande yon lis (rapò) ki gen kantite fwa nou te pataje enfòmasyon sou sante w pandan sis ane anvan dat ou te fè demann nan, moun nou te pataje yo, ak rezon ki fè nou te fè sa.
- Nou pral mete tout deklarasyon yo ladan l sof sa ki gen rapò ak tretman, pèman, ak operasyon swen sante, ak kèk lòt deklarasyon (tankou nenpòt sa w te mande nou fè). N ap bay yon sèl rapò pou yon ane gratis, men w ap peye yon tarif ki rezonab si w mande yon lòt nan espas 12 mwa.
- Pou w mande kominikasyon konfidansyèl, rele Depatman Sèvis Manm nou an nan 1-800-303-9626 (TTY: 711). Demann pou chanje oswa modifiye kalite demann kominikasyon konfidansyèl sa yo dwe fèt pa ekri nan adrès ki mansyone pi ba a.

Jwenn yon kopi avi sou vi prive sa a

- Ou ka mande yon kopi papye avi sa a nenpòt lè, menm si ou te dakò resevwa avi a pa mwayen elektwonik. N ap ba ou yon kopi papye san pèdi tan. Ou ka jwenn yon kopi avi sa a sou papye nenpòt lè si w rele Depatman Sèvis Manm nou an nan 1-800-303-9626 (TTY: 711).

Chwazi yon moun pou reprezante w

- Si w te bay yon moun dwa medikal oswa si yon moun responsab ou devan lalwa, moun sa a ka aplike dwa w yo epi pran desizyon konsènan enfòmasyon sante w.
- Nou pral asire nou moun nan gen pouvwa sa a e li ka pran desizyon pou ou anvan nou fè pran nenpòt desizyon.

Depoze yon plent si w santi yo pase dwa w yo anba pye

- Ou ka depoze yon plent si w nou te pase dwa w yo anba pye yo lè w kontakte nou pa mwayen enfòmasyon ki nan paj 1 an.
- Ou ka depoze yon plent nan Biwo Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini pou Dwa Sivil lè w voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oubyen ale sou www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints. Nou p ap gen pwoblèm avè w paske w depoze yon plent.

Dwa w (rès la)

Ansyen Manm

- Si w pa manm MetroPlusHealth ankò, enfòmasyon w yo ap rete pwoteje dapre politik ak pwosedi nou yo pou manm nou genyen kounye a.

Chwa w yo

Pou kèk enfòmasyon sou sante, ou ka di nou sa pou nou pataje. Gen yon preferans klè pou jan nou pataje enfòmasyon w yo nan sitiyasyon ki dekri pi ba a. pale avè nou. Di nou sa ou vle nou fè, epi n ap suiv sa w mande nou fè a.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou w di nou pou nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki patisipe nan pèman swen w.
 - Pataje enfòmasyon lè y ap bay sekou aprè yon katastwòf.
- Si w pa ka di nou sa w prefere, pa egzanp si w enkonsyan, nou ka jis pataje enfòmasyon nou panse ki ka bon pou ou. Nou ka pataje enfòmasyon tou lè sa nesèsè pou nou diminye yon menas pou sante w oswa sekirite w ki grav e ki imedyata.*

Nan sitiyasyon ki vin annapre yo, we p ap janm pataje enfòmasyon w sof si ou ba nou yon otorizasyon ki ekri pou sa:

- Pou kesyon reklam
- Pou vann enfòmasyon w

Itilizasyon ak Deklarasyon nou yo

Kijan nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w? Jeneralman, nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou nan fason sa yo.

Pou ede nan jesyon tretman swen sante ou resevwa

- Nou ka itilize enfòmasyon sante w e pataje li avèk espesyalis k ap ba w tretman yo.
- Pwodui oswa Pwogram Ki gen rapò ak Sante: MetroPlusHealth ka ba w enfòmasyon sou tretman medikal, pwogram pwodui ak sèvis.

Pa egzanp: Yon doktè enfòmasyon konsènan dyagnostik ak plan tretman w pou nou pou nou ka fè aranjman pou lòt sèvis.

rès la nan pwochen paj la

Itilizasyon ak Deklarasyon nou yo (rès la)

Enfòmasyon yo ba w yo ka gen nenpòt limit lalwa enpoze.

- Rapèl: MetroPlusHealth ka itilize epi pataje PHI ki konsène w (pa egzanp, lè yo rele w oswa yo voye yon lèt ba ou) pou fè w sonje yon randevou pou tretman oswa pou fè w sonje moman an rive pou w pran yon randevou pou yon konsiltasyon nòmal oswa vaksinasyon, oubyen pou bay enfòmasyon sou lòt tretman ("chwa yo") oubyen lòt avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante ki ka nan enterè w.

Dirije òganizasyon nou an

- Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon w yo pou nou jere òganizasyon nou an epi kontakte w lè sa nesesè.
- **Nou pa gen otorizasyon pou nou itilize enfòmasyon jenetik pou nou decide si n ap ba ou asirans ak pri asirans sa a.** Sa pa aplikab pou plan swen k ap dire lontan.

Pa egzanp: *Nou itilize enfòmasyon sou sante w pou devlope pi bon sèvis pou ou. Depatman Jesyon Kalite nan MetroPlusHealth ka itilize enfòmasyon sante w pou ede yo amelyore kalite pwogram, done ak pwosesis biznis yo. Pa egzanp, ekip jesyon kalite nou yo oswa enfimyè k ap travay sou kontra ki la pou fè verifikasyon yo ka gade dosye medikal ou a pou evalye kalite swen yo ba ou ak tout moun ki enskri nan Plan yo.*

rès la nan pwochen paj la

Itilizasyon ak Deklarasyon nou yo (rès la)

Ki lòt fason nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w? Nou gen otorizasyon oswa obligasyon pou nou pataje enfòmasyon w nan lòt sitiyasyon - dabitid nan fason ki ka kontribiye ak byen piblik la, tankou sante piblik la ak rechèch. Nou dwe ranpli kondisyon dapre lalwa anvan nou pataje enfòmasyon w pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon ale sou:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html

Jere plan w	Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ak moun k ap sipòte plan an nan kad jesyon plan an.	Pa egzanp: Kontra konpayi w la gen avè nou yo bay yon plan sante, e nou bay konpayi w la kèk done pou nou ka jistifye montan nou fè yo peye pou asirans lan.
Peye pou sèvis sante w	Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon medikal ou lè nou peye pou sèvis sante w yo.	Pa egzanp: Nou pataje enfòmasyon sou ou ak plan swen pou dan w lan pou nou ka fè aranjman pou travay ki gen pou fèt nan dan w.
Bay swen bon kalite e bay sèvis yo yon fason ki efikas	MetroPlusHealth patisipe nan pataj enfòmasyon sante ki fèt grasa Healthix. Healthix se yon òganizasyon benevòl ki pataje enfòmasyon konsènan sante moun pa mwayen elektwonik e ki respekte prensip vi prive ak sekirite HIPAA ak Lwa Nouyòk yo. Avi sa a se pou nou enfòme pasyan nou yo ki jwe patisyon pa yo nan Healthix. MetroPlusHealth voye/telechaje Enfòmasyon Ki Pwoteje sou Sante pasyan nou yo pa mwayen elektwonik.	Anplis, kèk anplwaye MetroPlusHealth gen otorizasyon pou yo gen aksè ak enfòmasyon pasyan yo atravè Healthix men yo ka gen pou yo respekte lwa sou konsantman yo. An jeneral, pou jwenn konsantman pou gen aksè ak Healthix la, sa fèt nan mitan òganizasyon yo. Sepandan, pasyan yo gen chwa pou yo refize bay tout òganizasyon ki nan Healthix yo aksè. Si w vle refize bay konsantman pou tout òganizasyon Healthix yo gen aksè ak Enfòmasyon sou Sante w ki Pwoteje, ou ka fè sa tou lè w ale sou sit entènèt Healthix la nan www.healthix.org oswa rele Healthix nan 877-695-4749. Enfòmasyon konsènan pasyan yo ki nan Healthix sòti kote ki bay swen medikal oswa nan enfòmasyon asirans sante yo genyen (reklamasyon). Sous done sa yo gen ladan yo lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, asirans sante, pwogram Medicaid la ak lòt òganizasyon ki pataje enfòmasyon sante pa mwayen elektwonik. Yon lis ki ajou konsènan sous done sa yo disponib sou Healthix. Pasyan yo ka jwenn yon lis ki ajou nenpòt lè, pou yo fè sa yo prale sou www.healthix.org oswa rele nan 1-877-695-4749.

rès la nan pwochen paj la

Itilizasyon ak Deklarasyon nou yo (rès la)

Ede nan kesyon pwoblèm sante ak sekirite piblik

Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w nan kèk sitiyasyon tankou:

- o Prevansyon maladi
- o Bay rapò sou move reyaksyon ak medikaman
- o Bay rappò sou posibilite pou gen yon abi, neglijan, oswa vyolans domestik
- o Evite oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun.

Fè Rechèch

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w pou rechèch nan domèn sante.

Obeyi lalwa

N ap pataje enfòmasyon sou ou si lwa leta oswa federal egzije sa, tankou Depatman Sante ak Sèvis Sosyal si l vle wè nou respekte lwa federal sou vi prive.

Abòde konpansasyon travayè yo, fè respekte lalwa, ak lòt demann gouvènman yo

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w:

- o Pou reklamasyon konpansasyon travayè yo
- o Pou nou fè respekte lalwa oswa avèk yon ajan ki fè aplike lalwa
- o Avèk ajans sipèvizyon sante lalwa otorize
- o Pou fonksyon espesyal gouvènman an tankou sèvis militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl yo

Reponn sou pwosè ak aksyon legal

Nou ka pataje enfòmasyon medikal sou ou si yon tribinal ta mande sa oswa lòs administratif **legal**, oswa pou reponn ak yon subpoena (manda)

Lwa sou deklarasyon Eta New York pou kèk kategori enfòmasyon

MetroPlusHealth dwe obeyi lòt lwa Eta Nouyòk ki gen yon nivo pwoteksyon enfòmasyon pèsònèl pi wo, espesyalman enfòmasyon ki gen rapò ak kondisyon VIH/SIDA oswa tretman; sante mantal; twoub akòz dwòg; ak planifikasyon famiyal.

rès la nan pwochen paj la

Responsablite nou yo.

- Lalwa ekzije nou pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sou sante pwoteje ou yo.
- N ap fè w konnen san pèdi tan si yon vyolasyon fèt ki ka gen move konsekans sou vi prive oswa sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou dwe suiv obligasyon ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi ladan l.

Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon w lòt fason ki pa dekri la a sof si ou ekri nou pou w di nou ka fè sa. Si w di nou nou kapab, ou ka chanje ide nenpòt lè. Ekri nou pou w fè nou konnen si w chanje ide.

Pou plis enfòmasyon ale sou:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html

Chanjman nan kondisyon ki nan Avi sa a

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, e chanjman yo pral aplike nan tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, sou sit entènèt nou an, epi n ap voye yon kopi ba ou.

Avi sa anvigè apati 19 Jiyè 2022.

Enfòmasyon pou kontakte Ofisye Konfidansyalite

Si w gen kesyon sou pratik sou vi prive nou yo, oswa si ou vle pote yon plent oswa aplike dwa ki dekri pi wo yo, tanpri kontakte:

Sèvis Kliyan - MetroPlus Health Plan

50 Water Street, 7th Floor

New York, NY 10004

- **Telefòn Jeneral** 1-800-303-9626, 7 jou pa semèn, 8:00 a.m. rive 8:00 p.m.
- **Manm Medicare:** 1-866-986-0356, 7 jou pa semèn, 8:00 a.m. rive 8:00 p.m.
- **TTY:** 711
- **Imel:** PrivacyOfficer@metroplus.org



NOTICE OF NON-DISCRIMINATION

MetroPlus Health Plan complies with Federal civil rights laws. **MetroPlus Health Plan** does not exclude people or treat them differently because of race, color, national origin, age, disability, or sex.

MetroPlus Health Plan provides the following:

- Free aids and services to people with disabilities to help you communicate with us, such as:
 - Qualified sign language interpreters
 - Written information in other formats (large print, audio, accessible electronic formats, other formats)

- Free language services to people whose first language is not English, such as:
 - Qualified interpreters
 - Information written in other languages

If you need these services, call **MetroPlus Health Plan** at 1-800-303-9626. For TTY/TDD services, call 711.

If you believe that **MetroPlus Health Plan** has not given you these services or treated you differently because of race, color, national origin, age, disability, or sex, you can file a grievance with **MetroPlus Health Plan** by:

Mail: 50 Water Street, 7th Floor, New York, NY 10004
Phone: 1-800-303-9626 (for TTY/TDD services, call 711)
Fax: 1-212-908-8705
In person: 50 Water Street, 7th Floor, New York, NY 10004
Email: Grievancecoordinator@metroplus.org

You can also file a civil rights complaint with the U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights by:


Web: Office for Civil Rights Complaint Portal at <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>
Mail: U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue SW., Room 509F, HHH Building
Washington, DC 20201
Complaint forms are available at <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>
Phone: 1-800-368-1019 (TTY/TDD 800-537-7697)

Language Assistance


<p>ATTENTION: Language assistance services, free of charge, are available to you. Call 1-800-303-9626 (TTY: 711).</p>	English
<p>ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-800-303-9626 (TTY: 711).</p>	Spanish
<p>注意: 如果您使用繁體中文, 您可以免費獲得語言援助服務。請致電 1-800-303-9626 (TTY: 711)。</p>	Chinese
<p>ملحوظة: إذا كنت تتحدث لغة، فإن خدمات المساعدة اللغوية متوفرة لك بالمجان. اتصل برقم هاتف الصم والبكم (TTY: 711) 1-800-303-9626</p>	Arabic
<p>주의: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-800-303-9626 (TTY: 711) 번으로 전화해 주십시오.</p>	Korean
<p>ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода. Звоните 1-800-303-9626 (телетайп: TTY: 711).</p>	Russian
<p>ATTENZIONE: In caso la lingua parlata sia l'italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamare il numero 1-800-303-9626 (TTY: 711).</p>	Italian
<p>ATTENTION: Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-800-303-9626 (TTY: 711).</p>	French
<p>ATANSYON: Si w pale Kreyòl Avisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-800-303-9626 (TTY: 711).</p>	French Creole
<p>אויפמערקזאם: אויב איר רעדט אידיש, זענען פארהאן פאר איר שפראך הילף סערוויסעס פריי פון אפצאל קופט (TTY: 711) 1-800-303-9626.</p>	Yiddish
<p>UWAGA: Jeżeli mówisz po polsku, możesz skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Zadzwoń pod numer 1-800-303-9626 (TTY: 711)</p>	Polish
<p>PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, maaari kang gumamit ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad. Tumawag sa 1-800-303-9626 (TTY: 711).</p>	Tagalog
<p>লক্ষ্য করুন: যদি আপনি বাংলা কথা বলতে পারেন, ১০০ হাজার দিনব্যয় ভাষা সহায়তা পদার্থের উপলব্ধি আছে। ফোন করুন 1-800-303-9626 (TTY: 711)</p>	Benga
<p>KUJDES: Nëse flitni shqip, për ju ka në dispozicion shërbime të asistencës gjuhësore, pa pagesë. Telefononi në 1-800-303-9626 (TTY: 711).</p>	Albanian
<p>ΠΡΟΣΟΧΗ: Αν μιλάτε ελληνικά, στη διάθεσή σας βρίσκονται υπηρεσίες γλωσσικής υποστήριξης, οι οποίες παρέχονται δωρεάν. Καλέστε 1-800-303-9626 (TTY: 711).</p>	Greek
<p>خبردار: اگر آپ اردو بولتے ہیں، تو آپ کو زبان کی مدد کی خدمات مفت میں دستیاب ہیں۔ کل کوں 1-800-303-9626 (TTY: 711)</p>	Urdu




50 Water St., 7th Floor • New York, NY 10004



MetroPlusHealth Customer Services:

 **800.303.9626 (TTY: 711)**
After Hours: 800.442.2560

 **metroplus.org**

 **Hours Of Operation:**
Monday to Friday, 8am - 8pm |
Saturday, 9am - 5pm